ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№103 (24.853) ● 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

● Шыщхьэуіу зэіущіэхэр

ЕгъэджакIуэхэращ щIэблэм я гъуазэр

КъызыхэкIа лъэпкъымрэ щыпсэу лъахэмрэ яхуэфащэ щIэблэ бгъэсэныр, гъуэгу захуэ тебгъэувэныр, жылагъуэм ифI зыхэлъхэр къыгурыIуэу къэбгъэтэджыныр зэрымыIуэху псынщIэр гурыIуэгъуэщ. Сыт хуэдэ гъэсэныгъэ дахэми къежьапIэ хуэхъур сабийр щапI унагъуэрщ, нэхъыжьхэм ирагъэлъагъу щапхъэрщ, зыхэтхэм ядилъагъу хабзэрщ. Ауэ сыт хуэдэ къежьапIэри гъуазэ хуэныкъуэщ, дунейм и пIалъэ зыщIэ, щыIэныгъэм къыщекIуэкIхэм хэзыщIыкI, щIэныгъэм и куупIэхэм хыхьэф.

ДЭТХЭНЭ зы цIыхуми апхуэдэ гъуазэу иIэр егъэджакIуэращ. Аращ щIэблэм я зэхэщIыкIымрэ я дуней лъагъукIэмрэ зэтезыгъэувэр, гъащIэм гушхуауэ хэзышэр, емрэ фIымрэ зэхищIыкIынымкIэ гъуэгугъэлъагъуэ хъур. ЕгъэджакIуэм и пщIэр щаIэт, ар зыпэрыт IэнатIэм и зыужьыныгъэм и гъуэгухэр щаубзыху, къызэранэкIа гъэ еджэгъуэр къыщызэщIакъуэж, къапэщылъхэр зэIубз щащI зэIущIэт КъБР-м и къалащхьэм дэт Макъамэ театрым и пэш хуитышхуэм иджыблагъэ щекIуэкIа ШыщхьэуIу зэIущIэр.

Хабзэ хъуауэ хэгъэгум щрагъэкIуэкI апхуэдэ зэухэсым кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ - статс Iуэхузехьэ Корнеев Андрей, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ. Апхуэдэу зэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ щыIэ депутатхэр, КъБР-м и щIыналъэхэм щыпIэ унафэхэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, абыхэм я къуэдзэхэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэр къеуа нэужь, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей видеозэпыщIэныгъэ IэмалхэмкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ. КъулыкъущIэм и псалъэм къызэрыхэщамкIэ, блэкIа гъэ еджэгъуэр хъарзынэу кърахьэлIащ, нэхъапэкIэ къыхалъхьауэ щыта къэрал икIи лъэпкъ пэхуэщIэхэм епха Iуэхугъуэхэм ящыщ куэдыр уригушхуэ хъуну зэфIагъэкIащ, егъэджэныгъэм пыщIа жэрдэм щIэщыгъуэ куэд къызэрыхалъхьам къыхэкIыу, IэнатIэм дяпэкIэ щыпщIэфынухэмрэ щыпхузэфIэкIынухэмрэ яубзыхуащ.

– Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейт «Егъэджэныгъэ» къэрал программэм къыгъэув лэжьыгъэхэр Урысейм и щIыналъэхэм хъарзынэу зэрыщызэфIахар, щIыпIэхэм щекIуэкI гъащIэми зэрыхапщэфар. Зи цIэ къисIуа пэхуэщIэм къигъэувырт курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, еджапIэхэр техникэкIэ къызэгъэпэщыныр, дунейм къыщекIуэкI щIэ псори къэзылъытэ тхылъыщIэхэр зэхэгъэуваууэ, къэрал мардэхэм игъэувэныр, ахэр еджакIуэхэм я деж нэхьэсыныр. Программэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэм дяпэкIэ къапызыщэнур «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» фIэщыгъэр зыгъуэта пэхуэщIэрщ. ЗэрыдгъэувымкIэ, абы лэжьыгъэ нэхъыбэ къызэщIиубыдэнущ.

IэнатIэм нэхъыщхьэу хэтыр егъэджакIуэращ. Абы и тыншыгъуэ, ар зэрефIэкIуэн, и Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэн Iуэхугъуэхэращ зи ужь дитыр. Иджыпсту долэжь абы и пщIэр хъумэн зэрыхуейр къызыхэщ дэфтэрым. Абы къызэщIиубыдэн хуейщ егъэджакIуэр зыхэхуэнкIэ хъуну псалъэмакъхэм къызэрыхэпшыфыну Iэмалхэр, иубзыхунущ абы дэIэпыкъуэгъу хуэхъунухэр, къилъытэнущ и щIыхьыр ихъумэн папщIэ иIэну хэкIыпIэхэр. Сыт щыгъуи хуэдэу, егъэджакIуэм и щIэныгъэр утыкушхуэм ирихьэфынущ. Дэ дыкъыщыувыIэнукъым «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI», «ГъэсакIуэ нэхъыфI», «ЕджапIэ унафэщI нэхъыфI» зэпеуэхэм, дяпэкIи апхуэдэ жэрдэмхэр нэхъыбэ зэрытщIыным дыхущIэкъунущ.

КъыхэгъэщыпхъэщI «Егъэджэныгъэ IэнатIэм зиужьынымкIэ стратегие» дэфтэрыщIэр зэрыдгъэхьэзырыр, ар 2036 гъэ пщIондэ лэжьэну дызэрыщыгугъыр. Абы къиубыдынущ егъэджэныгъэ IэнатIэм нэхъыщхьэу хэлъхэм тегъэщIэным, къэралым щIэныгъэ щызэгъэгъуэтыныр дэнэкIи щызэхуэдэу гъэпсыным, лэжьапщIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр. Араща, диIэ ехъулIэныгъэхэр дгъэбагъуэу, лъэныкъуитIми ди Iэмалхэр IэнатIэм хуэдгъэщхьэпэу гъэ еджэгъуэщIэм дыпэрыхьэжыну си гуапэщ, - жиIащ Кравцов Сергей.

ЗэIущIэм курых хуэхъуар КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор и къэпсэлъэныгъэрщ. Ар теухуауэ щытащ егъэджэныгъэ IэнатIэм щынэхъыщхьэхэм, япэ игъэщыпхъэхэм, абы ехьэлIа лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум. Апхуэдэу ар тепсэлъыхьащ КъБР-м щекIуэкI ухуэныгъэхэм, къыхалъхьа зэхьэзэхуэхэмрэ зэпеуэхэмрэ, еджапIэхэм я лэжьыгъэхэм, дерс щхьэхуэхэр кууэ щадж классхэр къызэрызэIуахым, IэщIагъэунэтI лэжьыгъэхэр нэхъыбэ зэращIым, егъэджакIуэхэм я лэжьапщIэм хэгъэхъуэн зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.

- Дызытехьэ гъэ еджэгъуэщIэр нэгъабэрейм зыкъомкIэ къыщхьэщыкIынущ. «Егъэджэныгъэ» программэм къигъэув къалэнхэр дгъэзэщIауэ, дэ иджы дыпэрохьэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «Унагъуэ», «IэщIагъэлIхэр» пэхуэщIэхэм къагъэув Iуэхугъуэхэр гъащIэм хэпщэным, - жиIащ Езауэм. - ЕджапIэхэм я къалэн нэхъыщхьэм хохьэ сабийм цIыху нэс къыхэщIыкIыныр, абы и зэхэщIыкIыр дахэмрэ екIумрэ хуэгъэпсауэ къэгъэтэджыныр. Хэкум, лъэпкъ щэнхабзэм, тхыдэм щIэблэм хуаIэ лъагъуныгъэр къызэщызыгъэу Iэмалхэм ящыщщ музейхэмрэ музей плIанэпэхэмрэ. КъБР-м зи гугъу сщIы музейхэм хуэдэу 176-р диIэщ, абыхэм ящыщу мы гъэ къудейм 90 къызэIутхащ. «Нэхъыщхьэм теухуа псалъэмакъхэр» жыхуэтIэ дерсхэри гъэсэныгъэ лэжьыгъэм тещIыхьауэ щытщ. «Пэрытхэм я зэщIэхьееныгъэми» лэжьыгъэшхуэ еджапIэхэм щрагъэкIуэкI, ныбжьыщIэхэр жылагъуэ гъащIэм хыджэру хэзышэ жэрдэмхэр къыхалъхьэурэ. ЕджапIэ къэс спорт клубхэр, ныбжьыщIэхэм я театрхэр, зэхуэсыпIэхэр дэтщ. КъБР-м «ЮнармиекIэ» дызэджэм IуэхущIэпIэу 8 иIэ хъуащ, абы и къудамэхэр щIыналъэ 13-м щыIэщ, цIыху миний къызэщIаубыдэу.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм анэдэлъхубзэхэм, лъэпкъ литературэхэм, тхыдэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэми гулъытэшхуэ зэрыхуащIыми къытеувыIащ министрыр. «Ахэр ди щIыналъэм и хъугъуэфIыгъуэщ, зыхъумэну дызыщыгугъри ди щIалэгъуалэрщ. Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ, лъэпкъ литературэхэмкIэ илъэс къэс тхылъ 28 - 29-рэ хуэдиз къыдокI. Иужьрей илъэсищым сом мелуан 62,2-рэ и уасэу анэдэлъхубзэхэмрэ литературэхэмкIэ тхылъ 385 933-рэ къыдэдгъэкIащ. КъищынэмыщIауэ, дунейм къытехьа тхылъыщIэхэм уазэрырилэжьэнумкIэ программэхэр зэхыдогъэувэ, курсхэр зэхыдошэ. Апхуэдэу ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ щыхагъахъуэ центрым блэкIа илъэсым къриубыдэу курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ щылажьэу цIыху 2500-м нэблагъэ къекIуэлIащ.

Дызытет дунейм бзэ куэдым урипсэлъэным пщIэ щиIэщ. Ар къэлъытауэ, сабий нэхъ цIыкIу дыдэхэри бзэ куэдым щыхагъэгъуазэ гупхэр къызыдогъэпэщ. А лэжьыгъэм и лъащIэм щIэлъынур анэдэлъхубзэхэращ, абыхэмкIи гъэсэныгъэ лэжьыгъэр екIуэкIыну араущ дызэригугъэр», - къыхигъэщащ министрым.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу абы къилъытащ анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр «Яндекс. ЗэдзэкIакIуэ» пэхуэщIэм къызэрыхашэфар. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ жэрдэмым ипкъ иткIэ, адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи псалъэуха мин щэрыщэ зэрадзэкIамкIи а Iуэхур анэдэлъхубзэхэм заужьыным телэжьэну дыщыгугъ хъунущ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэм папщIэ зэпеуэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщ. Методикэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр утыку къизылъхьэ а зэпеуэхэм бзэхэр хъумэнымкIэ, сабийхэм ахэр яфIэфIу зрагъэщIэнымкIэ щхьэпэ зэрыхъунуми шэч хэлъкъым.

Егъэджэныгъэр щекIуэкI IуэхущIапIэхэр ухуэныр, зэгъэпэщыжыныр, къэгъэщIэрэщIэжыныр илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм щIэгъэхуэбжьауэ щокIуэкI. Апхуэдэу цIыху мини 5500-рэ зыщIэхуэн еджапIи 9 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу къызэIуах, илъэсым и кIэм цIыхуи 150-рэ хуэдиз щеджэн еджапIэщIэу Терскол къуажэм щащIыр. Абы и закъуэкъым. 2027 гъэ пщIондэ Бахъсэн, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж, Къэсейхьэблэ сабий садиплI щаухуэнущ. Псори зэгъусэу абы цIыкIу 480-рэ хуэдиз щIэхуэнущ.

Министрыр къытеувыIащ еджапIэхэр зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэми.

- Дызэрыт илъэсым еджапIэ 15 зыхуей хуэдгъэзащ. «Егъэджэныгъэ» программэм ипкъ иткIэ КъБР-м еджапIэ 72-р къызэрагъэщIэрэщIэжар къыхэгъэщын хуейщ. 2027 гъэ пщIондэ еджапIэ 65-рэ хуэдиз зэдгъэпэщыжыну ди мурадщ. Псори зэгъусэу абы сом 6 038 439,6-рэ текIуэдэнущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

МэкъумэшхэкIхэм я пIалъэ фIыуэ ящIэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий Железноводск къалэм щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм я мэкъумэш IэнатIэхэм 2030 гъэ пщIондэ зэрызаужьыну щIыкIэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ПАТРУШЕВ Дмитрий къыхигъэщащ КИФЩI-м мэкъумэшхэкIхэр къэлэжьыным и пIалъэ фIыуэ зэрыщащIэр. АПК-м 2025 гъэм къэрал дэIэпыкъуныгъэу иратыр сом мелард 500-м щIигъунущ. 2026 гъэм къыщыщIэдзауэ фермерхэмрэ IуэхущIапIэ мыинхэмрэ зэрызыщIагъэкъуэну псори щыубзыхуауэ щытынущ «Мэкъумэш хьэрычэтыщIэ IэнатIэ мыиным зегъэужьыныр» къэрал проектым, абы Iэмал къитынущ мылъку щхьэхуэ яIэрыхьэнымкIэ.

Вице-премьерым зэIущIэм хэтхэм ягу къигъэкIыжащ Урысейм и Президент Путин Владимир къэралым мэкъумэшхэкIыу къыщагъэкIыр 2030 гъэм ирихьэлIэу 2021 гъэм къыщрахьэлIам нэхърэ Iыхьэ плIанэкIэ нэхъыбэ ящIын хуейуэ къалэну къызэригъэувар.

АдэкIэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр щыгъуазэ ящIащ я мэкъумэш IэнатIэхэм я Iуэху зыIутым.

КIуэкIуэ Казбек къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м и щытыкIэмрэ абы адэкIи зиужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм ятеухуауэ. Къапщтэмэ, республикэм и унафэщIым жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшпромышленнэ IэнатIэм иужьрей илъэсхэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэр:

- Илъэс блэкIам мэкъумэшхэкIыу къыщIэдгъэкIащ сом меларди 110,7-рэ и уасэ. Ар 2023 гъэм яхузэфIэкIауэ щытам проценти 106,6-кIэ хуокIуэ. А ехъулIэныгъэхэм къыпыдощэ мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэми - процентi 104,6-кIэ хэхъуащ. Дэ дытетщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным хуэгъэпса унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къищта гъуэгу картэмрэ. ЗыдужьынымкIэ икIи Урысей Федерацэм и Президентым къигъэувa къалэнхэр дгъэзэщIэнымкIэ Iэмалхэр диIэщ, дэ дыщыгъуазэщ икIи дощIэ а бжыгъэхэм дызэрынэсыфыну щIыкIэхэр.

АдэкIэ республикэм и Iэтащхьэр къытеувыIащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэхэм.

Нартыху гъэкIыныр республикэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Мы зэманым а къэкIыгъэм гектар мини 131,6-рэ еубыд, илъэс къэс кърахьэлIэ апхуэдэ гъавэ лIэужьыгъуэу тонн мин 850-м щIигъу. 2030 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр тонн мелуаным щIедгъэгъуну ди мурадщ.

Илъэсым и кIэм ирихьэлIэу нартыху жылапхъэу тонн мин 15-м нэхърэ мынэхъ мащIэ дгъэтIылъыфыну дыщогугъ, ар къэралыр зыхуеинумрэ хамэ хэкухэм иращэнумрэ я процент 20 хуэдиз мэхъу. 2030 гъэм ирихьэлIэу апхуэдэ гъавэ хэплъыхьар тонн мин 18 нэхърэ мынэхъ мащIэ тхуэщIыну къыдолъытэ.

Республикэм жыджэру зыщеужь псыщIэгъэлъадэ лэжьыгъэми. Псыр зэгъэзэхуауэ къызэрагъэсэбэп щIыкIэм тету ар зыщIагъэхьэ щIыхэр гектар мин 32,2-рэ мэхъу мы зэманым. 2030 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр гектар мин 60,4-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэу щытыну яубзыхуащ. «Псы зыщIагъэлъадэ щIыхэр нэхъыбэ зэрытщIым и фIыгъэкIэ, къэкIыгъэхэр тIэунейрэ зытрасэ щIыхэр нэхъыбэ мэхъу. ЩIым елэжьхэм зы гъэм кърихубыдэу тIэунейрэ ерыскъыпхъэхэр къытрах зы щIы Iыхьэм: бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр Iуахыжа нэужь а щIым трасэж гъавапхъэ, силосыпхъэ нартыхур. Дызэрыт илъэсым апхуэдэ щIыкIэкIэ етIуанэу къэкIыгъэхэр зытращIа щIыхэр гектар мини 7,5-м щIегъу, ар хуэдитIкIэ нэхъыбэщ 2020 гъэм (гектар мини 3,5-рэ) зэрыщытам нэхърэ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Абы гулъытэ хэха хуищIащ жыг хадэ гъэкIыным и Iуэхур зыIутым. «Республикэм и агропромышленнэ комплексым и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ жыг хадэ гъэкIыныр. Илъэс кIуами Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм и щIыналъэхэм я деж аргуэру бжьыпэр щиубыдащ пхъэщхьэмыщхьэ-мэракIуэхэкIхэр къехьэлIэнымкIэ. Дызэрыт илъэсми пашэу дызэрыщытынум шэч къытетхьэркъым, ди мурадщ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIыу тонн мин 1100-рэ къетхьэлIэну, ар 2024 гъэм елъытауэ процентi 107,4-рэ мэхъу, къэрал къулыкъущIапIэхэм щатхахэм я деж ар тонн мин 700-м нэблэгъэнущ икIи илъэс кIуам еплъытмэ, процентi 112,7-рэ хъунущ», - жиIащ Iэтащхьэм.

2030 гъэм ирихьэлIэу гектар мини 8-м хуэдизым (питомникхэм нэмыщI) щыхасэнущ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэхэкIхэмрэ илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыгыщIэхэр. «Мы зэманым ирихьэлIэу жаг хадэхэм яубыд гектар мин 27,8-рэ, абыхэм ящыщу гектар мин 23-р псынщIэу, псынщIэ дыдэу къызыпыкIэхэм хуэдэхэрщ», - щыжиIащ КIуэкIуэм зэIущIэм.

ХадэгъэкI лэжьыгъэм щынэхъыщхьэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ хасэну жыгхэр езыхэм къагъэкIыжыным зегъэужьыныр. Нобэ республикэм къыщагъэкI жыгыщIэ мини 2800-рэ. 2030 гъэм ирихьэлIэу езыхэм хасэжыну жыгыщIэхэр мини 3100-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэу щытынущ. Хаса жыг псоми зэдэууэ къапыкIэу хуежьэмэ, пхъэщхьэмыщхьэу къыпачыжыр тонн мин 965,5-рэ хъуну щогугъ.

А лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэр ухуэнми пащэнущ. Нобэ ар метр зэбгъузэнатIэ мелуаным и Iыхьэ плIанэм щIегъу, зэуэ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мин 330-рэ щIэхуэу. 2030 гъэм ирихьэлIэу яухуэу лажьэу яутIыпщыну я мурадщ зэуэ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мин 400 зыщIэплъхьэ хъуну хъумапIэхэр.

Гулъытэ щхьэхуэ зыгъуэт унэтIыныгъэхэм ящыщу Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ хадэхэкI гъэкIынри. Республикэм и унафэщIым жиIащ 2030 гъэм ирихьэлIэу хадэхэкIыу губгъуэхэм кърахыр тонн мин 256,3-рэ хъуну, ар 2021 гъэм зэрыщытам процентi 156-кIэ хуокIуэ; щхьэ зытелъ хуабэщхэм щагъэкIыр тонн мин 29,8-м нагъэсыну зэрыщыгугъыр. Мыбдежым мыхьэнэшхуэ иIэщ продукцэм и уасэмрэ ар къэлэжьыным текIуадэмрэ зэрызэхуэхъуми икIи пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр банкIхэм илъхьауэ гъэтIылъынымкIэ республикэр бжьыпэр зыIыгъхэм ящыщщ - апхуэдэ ерыскъыхэкIыу банк мелуан 353-рэ къыщIегъэкI.

Iэмал хъарзынэхэр щыIэщ Iэщ гъэхъун IэнатIэми. 2030 гъэм ирихьэлIэу мэлрэ бжэну ягъэхъур, псэууэ шэчауэ, тонн мин 19,5-м нагъэсыну я мурадщ. 2025 гъэм псэууэ шэчауэ апхуэдэ продукцэу къалэжьыну зыхуагъэувыжащ тонн мин 17,9-рэ.

И къэпсэлъэныгъэм и кIэухыу КIуэкIуэ Казбек жиIащ зыхуагъэувыжа къалэнхэр зэрахуэгъэзэщIэнум шэч къызэрытримыхьэр икIи Урысейм и Правительствэмрэ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэмрэ фIыщIэ яхуищIащ къэралым и ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэлажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ.

Тырныауз щызэфIагъэкIахэмрэ къапэщылъхэмрэ

Тырныауз къыщеха ятIэпсым кърикIуа лъэпощхьэпохэр гъэзэкIуэжа зэрыхъуамрэ дяпэкIи къех хъужыкъуэмэ къалэр абы зэрыщахъумэну Iэмалхэмрэ щытепсэлъыхьа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

КIУЭКIУЭ Казбек ятIэпсым зэхикъутахэр зэрызэрагъэпэщыжам щыгъуазэ зищIри, Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм зэIущIэ дригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министр ДыщэкI Аслъэн, Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщI Отаров Мухътар сымэ. Лъэныкъуэ псомкIи яхузэфIэкIа лэжьыгъэхэр къапщытэжащ.

- ШыщхьэуIум и 25-м ирихьэлIэу, къалэн зэрызыщытщIыжам тету, лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIэдгъэкIащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. -

Мэзкуу къитша, геодезиемкIэ институтым щыщ IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, ятIэпс къехар кубометр мелуанитхум нэсынщ. 2000 гъэм къехам цIыхуи псэуальи хэкIуэдауэ щытащ, тонн меланиплIым нэблагъэрт абы и хьэлъагъыр. 2000 гъэм къащта унафэхэм яфI дэ мызыгъуэгум къыдэкIащ, абы щыгъуэм къэралыр зыдагъэIэпыкъуу, ятIэпсыр зрижэ кIэнауэр зэраухуари хэту. Бгым къеха ятIэр зэрынэхъыбам щхьэкIэ къэмынэу, иджы псори нэхъ къызэтенащ. Пэжщ, унэхэр зэтрикъутащ, ауэ цIыху хэкIуэдакъым, инфраструктурэм и нэхъыбэри къелащ. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ МЧС-р Iуэхум жыджэру зэрыхэтар, Тырныауз къыдэшыпхъэхэр и чэзум къыдагъэIэпхъукIри, хэщIыныгъэншэу гузэвэгъуэр ящхьэщыкIащ, фIыщIэшхуэ яхузощI.

Инфраструктурэр зэфIэгъэувэжынымрэ гъуэгухэм ятIэр тегъэкъэбзыкIыжынымрэ теухуауэ, КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Абы щыгъуэм дызэгурыIуауэ щытащ псори фокIадэм и 1-м зэфIэдгъэкIыну. ИужькIэ шыщхьэуIум и 25-м тхьыжащ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIэкIащ, гъуэгухэр, лъэмыжыр зэрагъэпэщыжащ, ягъэкъэбзащ. КIэнауэр зэгъэпэщыжыным зэман ихьынущ, ауэ абыи иужь дихьакIэщ. «Кавказ» гъуэгу управленэмрэ «Партнер» IуэхущIапIэмри фIыщIэ яхузощI, ахэраш лъэмыжым щылэжьари машинэхэр зезыгъэкIуари. ПIалъэ кIэщI дыдэм лъэмыжри зэрагъэпэщыжащ, гъуэгури къызэIуахыжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Iуащхьэмахуэ районым, Тырныауз щыпсэухэм, хьэщIэхэми хэкурысхэми хуиту къакIухьу хъужащ.

Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщI Отаров Мухътар тепсэлъыхьащ лъэс лъагъуэхэр зэрагъэкъэбзэжам, псымрэ гъуэзымрэ зэраутIыпщыжам. Псы бжьамийхэри гъуэз бжьамийхэри зэкIэ пIалъэкIэ зэрылэжьэну щIыкIэм тету зэтраухуащ, кIэнауэр ящIыжмэ, сыт щыгъуи зэрылажьэ щIыкIэм техьэжынущ. ЩIыналъэр гъэплъыгъуэ пIалъэм зэрыхуэхьэзыр щIыкIэм и гугъу щищIым, фэтэр куэду зэхэт унэ зыбжанэм модульнэ хьэкухэр зэрыщIагъэувэнум и гугъу ищIащ къулыкъущIэм. КъызэIуаха гъуэгу щхьэхуэр Iуащхьэмахуэ лъапэ йокIуалIэ, Герхожан-Суу лъэмыжым ирикIуэ къэрал гъуэгури къызэIуахыжакIэщ.

ЯтIэпсыр зрикIуапхъэ кIэнауэр зэрызэрагъэпэщыжым и гугъу щащIым, Мусуков Алий къыхигъэщащ кубометри 142-рэ гъэкъэбзэжын зэрыхуейм, абы къыхуаутIыпщыну мылъкум епха дэфтэрхэр хьэзырщ, къэпщытэныгъэхэр йокIуэкI. Ар зэфIэкIмэ, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министерствэм къэралым зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэнурэ, текIуэдэну сом мелуан 47,2-мрэ хуаутIыпщынущ. КъинэмыщIауэ, псыежэхыр зрижэ лъагъуэм щыщу кубометри 2,9-м нэсыр гъэкъэбзэжынымкIэ проект утыку кърахьащ. Республикэм къэкIуа комиссэм къызэрибжамкIэ, абы текIуэдэнущ сом мелардитIым щIигъу. КIэнауэщIэ зыщIыфыну фирмэхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну хэтщ иджыпстукIэ. «Хэт сыт хуэдизкIэ Iуэхур зэфIигъэкIыфынуми зэхэдгъэкIыну дыхэтщ, Iуэхур и кIэм нэсакъым», - жиIащ Мусуковым.

Махуэшхуэхэм зыхуагъэхьэзыр

Район, къалэ администрацэхэм я унафэщIхэм оперативнэ зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алийрэ Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къэралыгъуэмрэ ЩIэныгъэхэм я махуэмрэ республикэм зэрыщагъэлъэпIэну щIыкIэм теухуат зэIущIэр.

Шынагъуэншагъэм хуэсакъын, ЩIэныгъэм и махуэм школхэм щекIуэкIыну дауэдапщэхэм мыхьэнэ купщIафIэ етын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ КIуэкIуэ Казбек. И гугъу ящIащ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къабзэу зэлъыIухын зэрыхуейми. НэгъуэщI Iуэхугъуэхэм епха унафэхэри къащтащ.

Лэжьыгъэ пыухыкIахэр ягъэзащIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ Шэрэдж районым щыIащ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм зригъэлъэгъуащ лъэпкъ проектхэм, къэрал, республикэ программэхэм хыхьэу мы илъэсым зэфIагъэкIын хуей лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр.

«ГЪАЩIЭМ хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан-Суу щIыналъэ автомобиль гъуэгум хыхьэу Зэрэгъыжрэ Псыгуэнсурэ я зэхуаку дэлъ километри 6 хъу Iыхьэр зэрагъэпэщыж. Куэд мыщIэу гъуэгум асфальтыр тралъхьэнущ, шынагъуэншагъэм хуэщIа Iэмэпсымэхэр ягъэувынущ. Лэжьыгъэхэр яухыну я мурадщ гъэмахуэм и кIэ пщIондэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, нэхъапэкIэ зэрагъэпэщыжащ Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ, Жэмтхьэлэ, Зэрэгъыж къуажэхэм я гъунапкъэхэм екIуалIэ гъуэгуу километр 17-м щIигъу.

Шэрэдж районым и социальнэ ухуэныгъэхэри къагъэщIэрэщIэжыну я мурадщ. ЩIыналъэ администрацэм и унафэщI Кульбаев Алан зэрыжиIамкIэ, Къэщкъэтау, Бабугент, Зэрэгъыж къуажэхэм дэт курыт школхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Жэмтхьэлэ дэт школымрэ амбулаторэмрэ иджыри лэжьыгъэхэр щокIуэкI.

Къэщкъэтау, Джэрпэджэж, Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ, Жэмтхьэлэ къуажэхэм я дыхьэпIэхэр зэIузэпэщ ящI. Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу а щIыпIэхэр къагъэщIэрэщIэжынущ.

ЩIыналъэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэми зэхъуэкIыныгъэхэр иIэщ. «Къарасу - Бабугент - Къэщкъэтау» псы къыщIэшыпIэ ухуэныгъэм щIадзащ, абы районым и къуажэшхуэ зыбжанэ епхауэ щытынущ. Проектыр ягъэзащIэ къуажэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын къэрал программэм ипкъ иткIэ, илъэситIым къриубыдэу Iуэхур зэфIагъэкIынущ. Коммунальнэ ухуэныгъэхэр къэгъэщIэрэщIэжын программэмкIэ Балъкъэр Ипщэ, Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэхэм я псы къыщIэшыпIэхэр зыхуей хуагъэзэж.

ЕгъэджакIуэхэращ щIэблэм я гъуазэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Гъэ еджэгъуэщIэм къыщыщIэдзауэ курыт еджапIэхэм щIэныгъэ-технологие пэхуэщIэхэр къыщыхэтлъхьэ классхэр къыщызэIут-хынущ. Апхуэдэу КъБР-м и еджапIищым «Курчатов и классхэм» лэжьэн щыщIадзэнущ. «Курчатовым и институт» лъэпкъ щIэныгъэ-къэхутакIуэ центрым къыбгъэдэкIыу щыми зэрылэжьэн тхылъхэмрэ методикэ дэIэпыкъуныгъэхэмрэ къаIэрыхьащ. Зы еджапIэм сом мелуан и уасэ техникэр и лъэщапIэм щIигъэуващ. ПэхуэщIэм 6-8-нэ классхэм щеджэ сабии 100-м хуэдиз къызэщIиубыдэнущ. «КъэкIуэну махуэхэм я инженерхэр» зи фIэщыгъэ къэралпсо пэхуэщIэм еджапIитху хэтщ, абыхэм МФТИ-м и гъусэу еджэныгъэр ирагъэкIуэкIынущ. КъБР-м и еджапIиплIым фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу «Агроклассхэр» къыщызэIуахынущ. Ахэр зыхуэныкъуэну дэIэпыкъуныгъэр щагъуэтынущ зэгурыIуэныгъэ зращIылIа КъБКъУ-м, КъБКъМУ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Мэкъумэш IуэхухэмкIэ и министерствэм. Псори зэгъусэу пэхуэщIэм сабий 1680-рэ хуэдиз хэтынущ.

Сабий зэчиифIэхэр ди мащIэкъым. Ахэр къыхэгъэщыным, гъуэгу етыным, я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным хуэгъэпсащ дерс щхьэхуэхэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэр. Къыхэгъэщын хуейщ щIыналъэ олимпиадэхэм я фIагъым хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм нэсахэм абы къыщагъэлъагъуэ зэфIэкIхэр щыхьэт зэрытехъуэр. Апхуэдэу зэры-Урысейуэ къапщтэмэ, КъБР-м щыщу текIуэхэмрэ къыхэжанык-IхэмкIэ 19-нэ увыпIэр иIыгъащ, игъэлъагъуэ фIагъымкIэ 11-нэ увыпIэр къыхуагъэфащэ. Зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэми, къыщыхэжанык-Iахэми, ахэр зыгъэхьэзырахэми папщIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и ахъшэ саугъэтхэр щагъэуващ. 2025 гъэм ахъшэ саугъэтыр тIукIэ нэхъыбэ ящIат. Щхьэхуэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ анэдэлъхубзэхэмрэ литературэхэмкIэ зэпеуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжанык-Iхэмрэ, апхуэдэу ахэр зыгъэхьэзырхэм я ахъшэ саугъэтыр мини 100-м зэрынэдгъэсынур, - жиIащ Езауэ Анзор.

Егъэджэныгъэм и лъэныкъуэ куэд дыдэ къызэщIиубыдэу къэпсэлъа министрым тригъэчыныхьащ егъэджакIуэхэр мыхъуамэ, апхуэдиз ехъулIэныгъэ яIэну зэрыщымытар икIи гъэ еджэгъуэщIэм а зэфIэкIхэр куэдкIэ нэхъыбэ зэрыхъунури и фIэщ зэрыхъур къыхигъэщащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Прохладнэ щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Ломов Максим, Шэджэм щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Арыпщэ Жаннэ, «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI-2025» зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуэ Мэрзей Сэлим сымэ. Абыхэм я къэпсэлъэныгъэхэр траухуат курыт щIэныгъэрэ щIэныгъэ гуэдзэрэ зрагъэгъуэт щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я Iэмалхэр щIыпIэхэм нэхъыбэ зэрыщыпщIынум, псэкупсэ лэжьыгъэхэр зэрызэтебублэфынум, IэщIагъэм хэзыгъахъуэ зэхьэзэхуэхэм егъэджэныгъэм щаIэ мыхьэнэм.

Шыщхьэуlу зэIущIэм зи гугъу щащIахэр къызэщIикъуэжу къэпсэлъащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

- Си япэкIэ утыку къихьэнухэм жаIэнумрэ я къэпсэлъэныгъэхэм къыщахьыну бжыгъэхэр, щапхъэхэр зэхэсхын папщIэ зызгъэгуващ, япэ зыфхуэзмыгъазэу. ИкIи, къыхэзгъэщыну сыхуейт, сызыщIэдэIуахэм гукъыдэж къызэрызатар. Къэралпсо пщалъэкIэ дыкъапщтэмэ, куэдым япэ дитщ, икIи Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм уеплъмэ, фIыуэ дыпэрытщ. Ауэ абы къикIыркъым дызыхущIэкъун щымыIэу, едгъэфIакIуэ мыхъун ди лэжьыгъэм хэмылъу. УзылъэщIэмыхьэ зэманым гъащIэм къыхилъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ди щIалэгъуалэр щыгъуэзэн хуейщ. Ахэр ди пщэдейщ, ди къэкIуэнур зэлъытар щIэблэрщ. Нэхъыжьхэми, а къалэныр зи пщэ къыдэхуэхэми, IэнатIэм пэрытхэми хьэкъ диIэщ ди ныбжьыщIэхэм щIэныгъэфI ябгъэдэлъхьэныр, къежьэм я нэхъыфIымкIэ дузэщIыныр. Дэ щIэблэфI къытщIохъуэри, ахэр нэхъыфIыж зыщIыну дызыщыгугъыр егъэджакIуэхэращ. Фэ, егъэджакIуэхэр, ди пщэдейрей махуэхэм фракъэрэгъулщ. Фэ зауэлIхэм фахуэдэщ – фхъумэри ди Хэкум и закъуэкъым, атIэ дзыхь фхуэтщIу фэтт ди щIэблэми фращыжакIуэщ, фрагъэсакIуэщ, фраунэтIакIуэщ. Дэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым фи лэжьыгъэр нэхъ тынш фщытщIынымкIэ, икIи, шэч зыхэмылърачи, гукъыдэж къывэзыт жэрдэмхэр нэхъыбэнымкIэ. Быдэу си фIэщ мэхъу, дызэщIыгъумэ, куэд зэрытхузэфIэкIынур, гугъуехь Iэджэ къызэрызэднэкIынур, ди щIэблэм гъуэгугъэлъагъуэ дахэ дазэрыхуэхъунур. Гъэ еджэгъуэщIэр угъурлы фхуэхъуну сынывохъуэхъу! - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэр гуIэфIтещIэжкIэ иухащ. КъБР-м Iэтащхьэм къыбгъэдэкI фIыщIэгуапэ тхылъхэр зи гуащIэдэкIкIэ къыхэжанык-Iахэм, зи лэжьыгъэкIэ щапхъэ зыгъэлъэгъуахэм иратащ.

ШУРДЫМ Динэ.

Зыужьыныгъэ нэрылъагъухэр

2025 гъэм и япэ мазихым кърuубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр проценти 108,0-рэ хъуащ. Экономикэ унэтIыныгъэхэмкIэ зэпэщхьэхуэу къэбгъэлъагъуэмэ, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ – проценти 102,8-рэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм – проценти 112,9-рэ, электрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм - процент 88,7-рэ, псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм - проценти 115,9-рэ мэхъу.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм кърuубыдэу къыщIагъэкIа лым, гъэшым, тхъуцIынэм, кхъуейм, кхъуейлъалъэм, Iусыпхъэм, псы IэфIым, тепIэн-щIэлъыным, щыгъыным, щэкIхэкIым, вакъэм, кислородым, пластмассэм, абы къыхэщIыкIа ашыкхэм, коробкэхэм, бжэ-щхьэгъубжэхэм, унэлъащIэхэм кIэралъхьэ цIыкIуфэкIухэм, бетоным, гъущIым къыхэщIыкIа продукцэм, полупроводник Iэмэпсымэхэм, автотранспортым и пкъыгъуэхэм я куэдагъым хэхъуащ.

Апхуэдэу щыхъукIи, нэкулъ лIэужьыгъуэхэм, дагъэ щIэхуам, маргариным, шхум, шатэм, йогуртым, хьэжыгъэм, пыченэм, нарзаныпсым, пыIэ лIэужьыгъуэхэм, лъэпэдым, картоным къыхэщIыкIа ашыкым, канцтовархэм, асфальт-бетон зэхэщIам, зэрылажьэ Iэмэпсымэхэм, рентген аппаратхэм, кабелым, унэлъащIэм, медицинэ хуэIухуэщIэхэм я куэдагъым кIэрыхуащ. Электрокъарурэ хуабэу къалэжьари нэхъ мащIэ хъуащ а пIалъэм кърuубыдэу.

Дызэрыт илъэсым и щIышылэм – мэкъуауэгъуэм фэтэр куэду зэхэт унэу 17 яIэтащ, унагъуэхэм псэупIэу – 2113-рэ. Псори зэхэту фэтэрыщIэу 2673-рэ яухуащ, метр зэбгъузэнатIэ мин 314,2-рэ хъууэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 10,4-кIэ ар нэхъыбэщ. Абы щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 282,9-р унагъуэхэм яйщ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 21,1-кIэ нэхъыбэщ.

Къапщытэж пIалъэм кърuубыдэу ухуэныгъэм пыщIа IуэхущIапIэхэм яухуащ фэтэр куэду зэхэт унэу метр зэбгъузэнатIэ мин 31,3-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым абыхэм яхузэфIэкIащ метр зэбгъузэнатIэ мин 51,0-рэ. Къуажэдэсхэм псэупIэу яухуащ метр зэбгъузэнатIэ мини 187,0-рэ икIи нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар процент 12,7-кIэ нэхъыбэщ.

2025 гъэм и япэ мазихым кърuубыдэу республикэм къыщыщIагъэкIащ мэкъумэш продукцэу сом мелард 18,8-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм проценти 104,6-кIэ хуэкIуэу. Мэкъумэш IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту къыщIагъэкIащ мэкъумэш продукцэу сом меларди 6,2-рэ и уасэ е 2024 гъэм и щIышылэм – мэкъуауэгъуэм щыIа бжыгъэхэм проценти 108,7-кIэ хуэкIуэу.

МэкъумэшыщIэхэм губгъуэ лэжьыгъэхэр еужьэрэкIыу ирагъэкIуэкI. Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу хьэцэпэцэмрэ джэш хъурейуэ (нартыхур хэмыту) гектар мини 5,1-м тонн мин 16,5-рэ къытрахыжащ. Зы гектарым ику иту центнер 32,1-рэ къытекIащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу зы гектарым ику иту центнер 33,0-рэ къытрахащ.

Къапщытэж пIалъэм кърuубыдэу хадэхэкIыу тонн мини 7,8-рэ гектар мини 3,5-м щызэщIакъуэжащ.

2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм егъэпщауэ, республикэм и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм зэхэту IэщышхуэУ мин 279,2-рэ яIыгъащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ар зэрыхъуар мин 272,8-рэщ. Абы щыщу мини 141,6-р жэму (мини 140,2-рэ). Кхъуэуэ мин 1,9-рэ (мини 4,1-рэ), мэлымрэ бжэнымрэ мин 443,8-рэ (мин 431,0-рэ), джэдкъазыр мелуани 5,2-рэ (мелуани 5) хъуащ.

Iэщышхуэм и процент 72,2-р, абы щыщу жэмым и процент 68,3-р, кхъуэм и процент 99,5-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 46,4-р, джэдкъазым и процент 34,9-р республикэм и унагъуэхэм щаIыгъащ.

2025 гъэм и япэ мазихым кърuубыдэу мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм лырэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) къалэжьащ тонн мин 58,9-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 9,5-кIэ ар нэхъыбэщ. Гъэшу къашащ тонн мин 253,1-рэ (нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм хуэдизщ), джэдыкIэу кърахащ мелуани 106,3-рэ (проценти 2,6-кIэ нэхъыбэщ, 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ).

Лырэ джэдкъазылу къалэжьам и процент 33,1-р, гъэшу къашам и процент 68,5-р, джэдыкIэу кърахам и процент 77,9-р республикэм и унагъуэхэм къалъос, фермерхэмрэ унеи IуэхущIапIэхэмрэ процент 26,4-р, процент 18,9-р, проценти 3,1-р яйщ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

Мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм зэхэту шэуэ къашащ зы жэмым хуэзэу килограмм 3419-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ ар нэхъ мащIэщ – килограмм 3850-уэ щытащ. ДжэдыкIэу зы джэдым хуэзэу кърахащ 103-рэ, нэгъабэ ар зэрыхъуар 95-рэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысейпсо Iуэхум фрагъэблагъэ

2025 гъэм фокIадэм и 16-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 30-м Урысейм и щIыналъэ псоми зэпэIэщIэу щекIуэкIынущ «Лэжьыгъэр хъумэнымрэ ар шынагъуэншэу къызэгъэпэщынымрэ-2025» урысейпсо Iуэхур. Ар зытеухуар зи гугъу ящIым цIыхухэр зэрыхуэхьэзырыр къапщытэнырщ. Ар къызэрегъэпэщ «ЛэжьыгъэмкIэ урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм.

ЛЭЖЬЫГЪЭР хъумэным, ар шынагъуэншэу къызэгъэпэщыным теухуа Iуэхугъуэхэм жылагъуэм гулъытэ хурагъэщIын, абыхэм теухуа хабзэхэм жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхьэн зэрыхуейм хурагъэджэн папщIэщ иджы епщIанэу мыр щIрагъэкIуэкIыр.

УпщIэ зиIэхэр лэжьыгъэм теухуа Iуэхухэр къызэгъэпэщынымкIэ центрым и унафэщI Каледкин Денис и деж мы телефонымкIэ **8 906 161 11 12** фыпсалъэ е мы пощтым **kaledkin@vcot.info** фытхэ хъунущ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

ФIагъым и дамыгъэ

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я IуэхущIапIэхэм ящыщу 80-м я продукцэхэм щхьэкIэ «Кавказым къыщыщIагъэкIащ» сертификатхэр нобэкIэ иратащ. Мы гъэм а дэфтэрыр зыхуагъэфэщахэм яхэтщ цIыхухэр зэфэ псы зэмылIэужьыгъуэхэр, цыр, урбечыр, морожнэр, КИФЩI-м къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэхэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр, гъэшхэкIхэр къыщIэзыгъэкIахэр.

КАВКАЗ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщу сертификат нэхъыбэ нобэкIэ зратар Ставрополь крайрщ – 32-рэ. Абы къыкIэлъокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр (16), Дагъыстэныр (8), Ингушыр (7), Къэрэшей-Шэрджэсыр (7), Осетие Ищхъэрэ – Аланиер (6), Шэшэныр (4).

«Кавказым къыщыщIагъэкIащ» сертификатым и къалэн нэхъыщхьэу щытыр, япэрауэ, КИФЩI-м и щIыналъэхэр цIыхухэм егъэцIыхунырщ, я продукцэхэм щэхуакIуэхэм я дзыхь нэхъыбэу кърагъэз хъунырщ, я фIагъхэмкIэ ахэр къыдэхьэхынырщ, хэIущIыIу щIынырщ. Апхуэдэ дамыгъэхэр зытет ерыскъыхэкIхэм я къабзагъымрэ къызыхэщIыкIамрэ зыми шэч къытримыхьэми хъунущ.

КИФЩI-м и IуэхущIапIэхэм езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ продукцэхэм я фIагъыр къапщытэну къыхэзылъхьар Кавказ.РФ-мрэ «Роскачество»-мрэщ икIи, апхуэдэ щIыкIэкIэ, абыхэм Iэмал ягъуэт я ерыскъыхэр Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм щыпхагъэкIыну, я сату щIыпIэхэм щащэну. КъищынэмыщIауэ, сертификатым и фIыгъэкIэ, «Роскачество»-м и адрей дамыгъэхэр – «хьэлэл», «органикэ», «удзыфэ» дамыгъэхэри трагъауэ хъунущ. Абы ищIыIужкIэ, УФ-м и Правительствэм и Саугъэтымрэ «ФIагъым и дамыгъэмрэ» зыхуагъэфэщэну IуэхущIапIэхэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкI хабзэ къызэрыхах зэхьэзэхуэм нэхъ тыншу хыхьэфынущ.

2023 гъэм екIуэкIа «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсым УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр «Кавказым къыщыщIагъэкIащ» япэ сертификати 7-р щитауэ щытащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ зыуэ щыт и институтщ Кавказ.РФ-р. УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту абы курортыщIэхэр еухуэ, щыIэхэр зэIузэпэщ ещIыж, экономикэ щхьэхуэхэр здэщыIэ турист-рекреацэ щIыпIэхэр къеIэт. Абы хыхьэу, дуней псом щыцIэрыIуэ «Iуащхьэмахуэ» курортыр иджырей мардэм къигъэтIэсэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ ирегъэкIуэкI.

КъищынэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я бизнесым зегъэужьынымкIэ, инвестицэхэр къешэлIэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр Кавказ.РФ-м ирегъэфIакIуэ. УФ-м и Правительствэм хэтхэм ящыщу КИФЩI-р зи нэIэ щIэтыр вице-премьер Новак Александрщ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

Электрокъару къуршым щрагъахъуэ



Электромобилхэм электрокъару щрагъахъуэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щагъэува станцыр (ЭЗС) Урысейм рекордхэмкIэ и тхылъым иджыблагъэ иратхащ, апхуэдэу яухуахэм ящыщу ар лъагапIэ нэхъ ин дыдэм тету къалъытэу.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ЭЗС-у 239-рэ щагъэувынущ. Иужьрей илъэситIым яхузэфIэкIам нэхърэ (I53-рэ) ар хэпщIыкIыу нэхъыбэщ. КИФЩI-м псори зэхэту электромобилхэм папщIэ станци 176-рэ иджыпсту щолажьэ. Ахэр щIыналъэ псоми щыIэщ, ауэ Ставрополь крайм (61-рэ), Дагъыстэным (39-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрым (25-рэ) щынэхъыбэщ.

ХэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, электрокъару щрагъахъуэ станцхэр Кавказ Ищхъэрэм епIэщIэкIыу щIыщагъэувым и щхьэусыгъуэр щIыналъэхэм туризм IэнатIэхэм жыджэру зэрызыщауужьырщ, къэралымрэ инвесторхэмрэ ахэр нэхъ къызэрыхахырщ. Дауи, мыхьэнэ иIэщ КИФЩI-м и курортхэм экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэ транспорт-хэмкIэ къыщыкIухьыным, а щIыпIэхэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм илъэс къэс къызэрыхэхъуэр къэплъытэмэ.

«ДызыхуэкIуэ илъэсхэм Кавказ Ищхъэрэм и къуршхэм щыIэ курортхэр электрокъару щрагъахъуэ станцхэмкIэ къанэ щымыIэу къэзэрагъэпэщынущ. Нобэ Архъыз тIу щыдгъэуващ, Iуащхьэмахуэ лъапэ – щы. Абыхэм ящыщ зыр Урысейм рекордхэмкIэ и тхылъым иратхащ, лъагапIэ нэхъ ин дыдэм тету къалъытэри», - жиIащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Мэздэгу къалэм и къэунэхукIар

Тхыдэджхэм къахэкIынкIэ хъунущ Мэздэгу къалэр къэунэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуар 1759 гъэм къэхъуа Iуэхугъуэр арауэ тезыгъэчыныхьхэр. АрщхьэкIэ, дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Iуэхур къызэрекIуэкIар мыпхуэдэущ.

XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэр екIуэкIырт. Къэбэрдей ЦIыкIу (Джылъахъстэнейрэ Талъостэнейрэ) щIыналъэм щыпсэу пщыхэм ящыщ зыр, Къаншыуей (Кончокин) Кургъуокъуэ, Дагъыстэным и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Кизляр бытдапIэм кIуэри абы зыщригъэумэхъащ («умэхъын» - крещение), чыристан диным зэрихьам щыхьэт иритехъуэу. КIэлъыкIуэ лъэбакъуэу, 1759 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м Къаншыуейм Кизляр бытдапIэм и комендантым деж иIуэхуащ, езым хуэдэу чыристан диныр къэзыщтэ къэбэрдей адыгэхэмрэ осетинхэмрэ игъэIэпхъуэн папщIэ, Мэздэгу и тIуащIэм щIы къыщыхупачыным теухуа и тхылъыр пащтыхь гуащэм деж нагъэсыну щIэлъэIуу.

АдэкIэ зэрыхъуар араци, Урысейм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и коллегием къызэрыхилъхьауэ, Къаншыуей Кургъуокъуэ подполковник цIэр къыфIащащ, нэгъуэщI лъэпкъхэр зытепсэукI щIыр къатехыным хуэIэзэ къэралыр Къаншыуейми православнэ диныр къэзыщта адрей бгырысхэми ахъшэкIэ къадэIэпыкъуащ, къащхьэщыжынуи къигъэгугъащ.

Къызыщыхъуни щыIэщ, урысхэм Мэздэгу бытдапIэр щIаухуар Къаншыуей Кургъуокъуэ и лъэIукIэ къежьа Iуэхуу, ар мыхъуатэмэ, пащтыхь дзэпщхэм апхуэдэ лъэбакъуэ ямычыну. А лъэхъэнэм ехьэлIа тхыдэм мызыгъуэгукIэ куущэу зэрыхэдмыщIыкIым къыхэкIыу, тлъэмыкIыу къакIуэ а гупсысэм пэувыфыну къытщохъу Интернетым дызыщрихьэлIэ мы пычыгъуэ цIыкIур.

1762 гъэм и жэпуэгъуэм Урысейм и Сенатым къыбгъэдэкIа тхыгъэ щхьэхуэ пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм къыIэрыхьауэ щытащ. Абы къыщыгъэлъэгъуат «Къэбэрдей ЦIыкIум щыщ пщы Къаншыуей Кургъуокъуэ, къыдэIэпхъуэхэр и гъусэу, хьэблэщIэу щагъэтIысын мурадыр хуаIэу, Мэздэгу и тIуащIэм щIы кIапэ зэрыщыхупачамрэ а щIыпIэм къалэ щыухуэн зэрыхуеймрэ». АрщхьэкIэ, «Кавказская война» тхылъ гъуэзэджэр зи IэдакъэщIэкI, тхыдэтх цIэрыIуэ Потто Василий гу зэрылъитамкIэ, «бытдапIэм и проектыр 1757 гъэм ягъэхьэзыракIэт».

Къыхэдгъэщынщи, иужьрей псалъэухам дэ къыдегъэлъагъу Мэздэгу и тIуащIэм зыщагъэбыдэн гупсысэр урыс дзэпщхэм ягу къизыгъэхьар къэбэрдеипщ Къаншыуейр зэрыармырар, атIэ, езы пащтыхьым и блыгущIэтхэм а щIыпIэм теухуауэ илъэситI ипэкIэ ящIа унафэу зэрыщытыр.

Арати, 1763 гъэм и бадзэуэгъуэм Мэздэгу и тIуащIэм, бытдапIэ щаухуэн мурадыр яIэу, къыщыхутащ урысей дзэлIрэ къэзакъыу 287-рэ, а псоми подполковник Гак Пётр я пашэу. Потто Василий зэритхымкIи, «а Iуэхугъуэр Урысейм Кавказыр къизэун зэрыщIидза япэ лъэбакъуэщ».

Мэздэгу и тIуащIэм урыс бытдапIэ къызэрыщыунэхуар къэбэрдеипщхэм ядэныр Iэмал зимыIэт. Сыту жыпIэмэ, япэрауэ, щIэпхъуэжыну зи щхьэ къихьэ икIи а щIыкIэм тету тегушхуэ я мэкъумэшыщIэхэмрэ унэIутхэмрэ ар зыгъэпщкIупIэ яхуэхъурт. ЕтIуанэрауэ, зэрыщыту къатщтэмэ, а Iуэхугъуэр къыщIэкIащ езы Къэбэрдейм и пщIэр куэду езыгъэлъэхъшэх, и лъэр щIэзыгъащIэ щхьэусыгъуэшхуэу, и Iэмыщ Iэ илъа и щIыналъэр, къемыупщIыххарэ и фIэфIыныгъи хэмылъу, Урысейм зэрызыIэщIилъхьам къыхэкIыу.

А псом япкъ иткIи, Къэбэрдейм и тепщэхэм лIыкIуэхэр Санкт-Петербург яутIыпщауэ щытащ, Урысей пащтыхь къэралыгъуэжьым и Iэтащхьэхэм бытдапIэр ягъэсеижыну хагъэзыхьмэ, зыхащIыкIынкIэ гугъэу. АрщхьэкIэ, зэрызыхуагъэзар къыхуагъэдэхэн дэнэ къэна, абы иужькIэ урысхэр Мэздэгу щIыгум нэхъри нэхъ епсынщIэкIыу, нэхъыбэжу къитIысхьэу хуежьащ, я нэхъыбэр IэщэкIэ зэщIэузэда дзэлIхэу.

Ауэрэ, 1765 гъэм ирихьэлIэу, бытдапIэр къуэтIыхькIэ къаухъуреихьыжащ, щIы лъагэ зэтетхъуами топ узэда 40-м щIигъу трагъэзэгъащ.

Абы иужькIэ къекIуэкIа псоми мызыгъуэгукIэ я гугъу дымыщIу, ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа тхыдэдж Потто Василий а Iуэхум ехьэлIауэ итхауэ щытам адэкIэ дыкъеджэнщ: «Урысхэм къэбэрдей адыгэхэр къахуэщIэкIащ узытеплъэкъукIынкIэ Iэмал зимыIэ ныкъуэкъуэгъу лъэщхэу. Абыхэм Кавказ псом щаIэ пщIэмрэ фIэлIыкIымрэ зэрамыгугъауэ инт...»

А псом къадэкIуэуи, пащтыхь дзэпщхэм адыгэхэр ягъэкъуаншэрт, лIэщIыгъуэкIэрэ я зэхуаку дэлъа зэкъуэтыныгъэ дахэм икIи быдэм ахэр епцIыжа хуэдэу. Къэбэрдеипщхэми я жэуапыр хьэзырт: «Ди щIыгум бытдапIэ щивмыщIыхь, хуит фыдмыщIауи фыкъимыхьэ, нышщIэпхъуа ди пщылIхэми къевгъэгъэзэж! Фэ фощIэ, дэ гъунэгъухэм фIыуэ дазэрыхущытыфыр!»

АрщхьэкIэ, дызэрыщыгъуазэщи, абдежым щIэзыдза зэпэщIэувэныгъэ кIыхьым икIи хьэлъэм Къэбэрдейр фIым хуишакъым, дапхуэдиз лIыгъи бэшэчагъи а лъэхъэнэ бзаджэм къыщагъэлъэгъуами...

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

Иджырей мэздэгу адыгэхэр.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэхущытыкIэр щIагъуэкъым

Финляндием и президент Стубб Александр жиIащ Европэмрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэр Украинэ зэныкъуэкъур зэфIэмыкIауэ зэтес зэрымыхъужынур.

«Урысеймрэ Балтие хым къегъэщIылIа къэралхэмрэ иджыпстукIэ щытыкIэ гуэри зэхуаIэу щыткъым. Урысеймрэ Европэмрэ зэхущытыкIэфIхэр яIэ щыхъужынур Украинэм захуагъэм тету лъабжьэ быдэ зиIэ мамырыгъэ щыIэ хъужа нэужьщ. Абы щыгъуэми а къэралхэм нэхъапэм (зэныкъуэкъум ипэ) зэхуаIа зэбгъэдэтыкIэм ар хуэдэжынукъым», - жиIащ

Иужьрей илъэсхэм Урысей Федерацэмрэ Финляндиемрэ я зэхущытыкIэр екIэкIуащ. Абы щхьэусыгъуэ нэхъ хуэхъуар Финляндиер НАТО-м зэрыхыхьарщ, Москва къилъытащ а къэралым дежкIэ ар зыри къызэрымыкI лъэбакъуэу. КъищынэмыщIауэ, Финляндием Урысейм къыхуиIэ гъунапкъэр зэхуищIащ, зыгъэпщкIупIэ къэзылъыхъуэу къэралым икIынухэр зэрыщыIэр и щхьэусыгъуэу.

Урысейм и лIыкIуэу Хельсинки щыIэ Кузнецов Павел нэхъапэкIэ къыхигъэщащ Финляндием иригъэкIуэкI политикэм къэралитIым яку дэлъа зэпыщIэныгъэ псори къызэрызэпиудар. Дипломатым жиIащ лъэныкъуитIым яку къыдэхъуа зэхущытыкIэ ткIийм хуэдэ нэхъапэкIэ къызэрымыхъуар, уеблэмэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щIидзэным ипэкIи.

ДяпэкIэ яджынухэр

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ и министерствэм наIуэ къищIащ курыт щIэныгъэ къахьын папщIэ Iэмал имыIэу школхэм щрагъэджыну предметхэр.

2026 – 2027 гъэ еджэгъуэм, зэраубзыхуам тету, школхэм щаджынущ «Урысыбзэ», «Урыс литературэ», «Хамэ къэралыбзэ», «Тхыдэ», «Обществознание», «Географие», «Математикэ», «Информатикэ», «Физикэ», «Биологие», «Химие», «Изобразительнэ гъуазджэ», «Музыкэ», «Труд» (технологие), «Основы безопасности и защиты Родины», «Физическая культурэ» предметхэр.

Лъэпкъыбзэхэмрэ етIуанэ хамэ къэралыбзэхэмрэ джыныр адэ-анэхэм я лъэIукIэ сыхьэт бжыгъэм хагъэхьэну arащ. КъищынэмыщIауэ, дызыхуэкIуэ гъэ еджэгъуэм предметыщIэ къыхагъэхьэнущ – « Урысейм и псэкупсэгъэсэныгъэ щэнхабзэр».

Шыщхьэуlум и 26, гъубж

♦Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1908 гъэм Тыркум япэ Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ.

♦1947 гъэм къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкIэ дунейпсо академием и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ.**

♦1952 гъэм къалъхуащ «Тетраграф» ООО-м и унафэщIу щыта, ДАХ-м и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шакъ Елбэрд.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

Шыщхьэуlум и 27, *бэрэжьей*

♦Боксым и дунейпсо махуэщ

♦Урысей киному и махуэщ

♦1933 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, КъБКъУ-м и доценту щыта **Бозий Людин.**

♦1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я журналист **Къантемыр Тыркубий.**

♦1958 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, Абхъазым и ЛIыхъужь **Килбэ Мухьэмэд.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Унагъащ Iэ гужьеигъуафIэщ.

Ислъамым и нур

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

ФэрыщIыгъэм и бий Баязид

Муслъымэн щэнхабзэм къыхэлыдыкI цIэхэм язщ Бистамий Iэбу Язид е Баязид цIэмкIэ тхыдэм къыхэна лIы махуэр. Алыхьталэм пэгъунэгъу хъуным я гъащIэри, я гуащIэри тезыухуахэм я хъыбархэр дунейр щытыху кIуэдыжыну къыщIэкIынкъым.

«Лэкъумэн» сурэм щеджа махуэм Баязид щIалэ цIыкIур и дерсхэм имыхабзэу пасэу къикIыжат.

- Нобэ сыту упасэ? – щIэупщIащ и анэр.

- Сызэджа Iэятым Алыхьми уэри сынывэдэIуэн хуейуэ жеIэ. Е сутIыпщи, си зэманыр зэрыщыту Алыхьталэм сыхуэпщылIыным тезгъэкIуэдэнщ, е уэ узыхуей псори пхуэсщIэу сыпсэунщ.

- Сэ укъызэмыгупсысу, Алыхьым хуэлажьэ, си къуэ цIыкIу, - къыжриIащ и анэм.

Апхуэдэу Алыхьталэм и гъуэгум теуват Баязид, ауэ и анэри щыгъупщакъым, абы и гукъыдэж нэхъ цIыкIу дыдэри зэригъэзэщIэным иужь итт. Зэгуэрым, щIымахуэ щыIэу, и анэр гъуэлъыжрэ пэт, Баязид псы щхьэкIэ къелъэIуащ. Кхъуэщыным псы итыжтэкъыми, щIалэ цIыкIур жэщ, псы къригъахъуэри, псы изу зэрыт кхъуэщыныр иIыгъыу къыщIыхьэжащ. Еплъри, и анэр IурихакIэт. Къигъэушыным темыгушхуэу, Баязид и анэр къызэщыуным пэплъэу щыст.

- Псы... псы... - жиIащ жейм къиутIыпща и анэм. И къуэр къызэрыщхьэщытыр къыщилъагъум, къэуIэбжьащ:

- Сыт мы кхъуэщыныр щIумыгъэувыр?

- Укъызэрыушу, псы уезгъэфэн щхьэкIэ, - жэуап иритыжащ Баязид.

Ар зи гум щIыхьа и анэм хуэмышэчу жиIащ:

- Я Алыхь! Сэ си къуэм сыхуэарэзыщ, Уэри арэзы къыхухъу!

Алыхьталэм пэгъунэгъу цIыхухэм я псэлъэкIэр къызэрымыкIуэу, щIагъыбзэр щыкуэду апхуэдэщ, «сыту пIэрэ кърикъуэкIар» жыуагъэIэу.

Зэгуэрым Зуннун Мисрий и еджакIуэхэм яз Баязид и ужьым иувауэ кIуэрт.

- Хэт къэплъыхъуэр? – къоупщI Iэбу Язид, къызэмыплъэкIыу.

- Iэбу Язид срилъыхъуакIуэт, - жиIащ щIалэм.

- Уа, си щIалэ цIыкIу! Сэ езым илъэс 40 хъуауэ къызолъыхъуэ а жыхуэпIэр!

Арати, щIалэр и Iустазым деж кIуэжу, Баязид и псалъэхэр щыжриIэжым, модрейр къэмэхащ. ЗыкъищIэжа нэужь, Зуннун жиIащ: «Си къуэш Iэбу Язид и псэр Алыхьым и лъагъуныгъэм щIитати, иджы и еджакIуэхэм я гъусэу къелъыхъуэж».

- Пшхыныр дэнэ къыздипхыр? – къеупщIащ зыгуэр Iэбу Язид.

- Си Тхьэм хьэри кхъуэри егъашхэ, Iэбу Язид хуэмыгъэшхэну ара? – иритащ жэуап.

«Хьэуам къыщыпкIухьу зэхэсхащ», - къыжриIат зыгуэрым.

«Сыт-тIэ абы щхьэкIэ? Бзури мэлъатэ. Алыхьыр зи фIэщ хъу муслъымэныр бзум нэхърэ нэхъ лъагэщ», - жриIэжащ.

Баязид и псалъэ шэрыуэхэм ящыщ:

- Си ныбэр нэщIрэ сыщыгъыныджэу фIэкIа щIэныгъэ кIапэ къысIэрыхьакъым.

- Дунеягъэм си щIыб хуэзгъэзапэри, Алыхьым селъэIуащ: «Уа си Тхьэ! Уэ фIэкIа зыри къызыхуэмына цIыхум и лъэIукIэ зыныпхузогъазэ!» Абы иужь си гур схуигъэкъабзэри, дунейм тету хъуар Езым пэзмыщIу сищIащ.

Баязид жиIэрт:

- Алыхьым къигъэщIа цIыхум езым хуэдэхэм я дагъуэр къилъыхъуэн щигъэтыху, къызыфIэщIыжын гуэныхьым къыхэкIынукъым».

- Сытым щыгъуэ цIыхур ипэжыпIэкIэ Алыхьым и пщылI щыхъур? – къеупщIащ зыгуэр Баязид.

- Здынэсаи къехъулIаи имылъагъуу, езым нэхърэ нэхъ Iей дунейм темыту къыщыщыхъум деж.

- И насыпщ Алыхьталэм хуэпщылIын гукъыдэж фIэкIа имыIэу, и нэм илъагъумрэ и тхьэкIумитIым зэхахымрэ къызыфIэмыIуэхум.

- Алыхьым нэхъ пэжыжьэ дыдэр увыIэгъуэ ямыIэу абы Iэпэ хуэзышийхэрщ. Нэхъ пэгъунэгъу дыдэр Алыхьым къигъэщIахэм гущIэгъу хэлъу ябгъэдэтхэрщ.

- Алыхьталэм и тыгъэхэр къызыIэрыхьэр куэд хуэмейхэрщ, хэплъыхь зымыщIхэрщ, шыдым ещхьу псори зышэчхэрщ.

- Алыхьталэр пшэм ещхьщ. И пщылIыр Абы хуэлIэмэ, уэшхым ещхьу и гум къишхэнущ.

- Сызыхуейм гущIэгъу Алыхьым хуэсщIыну къару къызитамэ, псом япэ зыхуэсщIынур си фэр тезыхахэрт, сызыгъэпудахэрт, пхъашэу къысхущытахэрт.

- «Ла илахьэ илла Лахь» псалъэхэм жэнэтыбжэр Iуахынущ, пэжкъэ?» - жаIэри къеупщIат. «Пэжщ», - яжриIащ, ауэ IункIыбзэр IункIыбзэIухым фIэкIа, зыми къыIуихынукъым. Ахэр плIы мэхъу: пцIы жызымыIэ, нэгъуэщIым хуэмыпсалъэ бзэгу, бзаджагъэрэ хьилагъэрэ зэрымылъ гу, шхын хьэрэмрэ нэпсеягъэрэ зымыщIэ ныбэ, Iиманыншагъэрэ псэжьыгъэрэ зыхэмылъ IуэхущIафэ.

- ЦIыхур зытеткIуадэр Iуэхугъуит Iщ: къабзагъэм зэрызыщидзеймрэ Алыхьым и тыгъэхэм зэрелъэпауэмрэ.

- Алыхьыр къыпфIэмыIуэхунымрэ Ар пщыгъупщэнымрэ нэхърэ нэхъ тезырышхуэ щыIэкъым. Ар зы нэплъэгъуэкIэ пщыгъупщэныр жыхьэнмэ мафIэм нэхърэ нэхъ гуащIэщ.

- Дунеягъэр япэ изыгъэщым ищIэ тIэкIур имыщIэм фIыхэкIуэдэжынущ, фIэгъэщIэгъуэным зэрыкIэлъыжэм Алыхьыр щигъэгъупщэнущ, аращи, Абы едэIуэным нэхърэ емыдэIуэныр нэхъ къыхихынущ.

Зэгуэрым Iэбу Язид иущийхэм яз тхьэусыхащ:

- Илъэс 30 хъуауэ уи гъусэу къызокIухьри, а уэ зи гугъу пщIы гурыщIэ хэIэтыкIахэм щыщ зыри зыхэсщIакъым.

- Иджыри илъэс 300-кIэ си гъусэу къэпкIухьми, зыхэпщIэнукъым, - къыжриIащ Баязид. – Уи пагагъыр зэран къыпхуохъу.

- Сыт-тIэ сщIэнур?

- ЩыIэщ зы Iэмал, ауэ уэ ар бдэнукъым, аращи, зыми зихъуэжынукъым.

- ЖыIэт!

- Уи жьакIэр упс, хъыдан тIэкIу зэшэкI, дэ къэп къащти, бзэрым техьэ, баш пIыгъыу. «Зэ къызэуэм, зы дэ естынущ», - жыIи, сабийхэм яхыхьэ. ИтIанэ къалэм къыдыхьэ, хейщIапIэм Iухьи, ардыдэр щIыщIэ.

- Ар сэ схуэдэм жепIэу ара? – кIияц щIалэр.

- ПлъагъукIэ, бдэнукъым. Аращи, уи псэм и узыфэхэр къыпхуинэнущ.

Дауи, щIэныгъэлIым зызыхуигъазэр дин зэрызэрихьэм пагэ ищIа цIыхут. Ар фэкIэ зепхьэнымрэ гу къабзэкIэ зыхэпщIэнымрэ зэрызэщхьэщыкIым и щапхъэ лъагэу дунейм тета цIыхущ Iэбу Язид.

Мулид мазэм щIидзакIэщ

Хьиджрэ махуэгъэпсымкIэ дызэрыт 1447 гъэм и мулид мазэм дыхыхьащ, хьэрыпыбзэкIэ абы зэреджэр «рабиал Iэууэлщ», и мыхьэнэкIэ: «япэрей гъатхэ».

Шыщхьэуlум и 24-м къихьа мазэ лъапIэр фокIадэм и 22 пщIондэ екIуэкIынущ. ЗэрыфщIэщи, махуэ бжыгъэр хуэгъэфэщауэ къитIуэ щхьэкIэ, мазэ къыкъуэкIыкIэм елъытауэ, абы зы махуэ-махуитIкIэ зэхъуэкIыныгъэ иIэнкIи хъунущ. Дауи, псапэ ищIэн щхьэкIэ, муслъымэныр зэман хэха лъыхъуэркъым, ауэ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар дунейм къыщытехьа мазэми махуэми ущыгуфIыкIыныр уи мурадхэр зэрыкъабзэм и щыхьэтщ, абы фIы къызэрыдэкIуэми шэч хэлъкъым. Мулид махуэр, рабиал Iэууэлым и 12-нэр, мы гъэм хуэгъэфэщауэ зытехуэр фокIадэм и 4-щ. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар дунейм къыщытехьа дыдэр убзыхуауэ зэрыщымытым къыхэкIыу, ар Алыхьталэм и пащхьэм щихьэжа махуэм трагъэхуауэ аращ.

Тепщэхэм ящыщу мулидыр япэу цIыхубэ махуэшхуэ зыщIар Ирбил къалэтету икIи тхьэшынагъэ зыхэлъ дин щIэныгъэлIу щыта Ибн Бактакин жыхуаIэрщ, и хахуагъым папщIэ Музэффэр цIэ лейр зыфIащар. Хьэлэлу, захуагъэм тету, псапащIэу щыта Музэффэр игъэгуфIэн папщIэ, Дихья жыхуаIэ нэгъуэщI зы хьэлимым «ЛIыкIуэ лъапIэр дунейм къыщытехьар гъэлъэпIэныр» тхылъ зэхилъхьауэ, абы щхьэкIи тепщэм динар мин тыгъэ къыхуищIауэ щытащ. Гъунэгъу къалэхэм, къэралхэм, щIыпIэ жыжьэхэм къикI хьэщIэхэр щрагъэблагъэ япэ мулид дауэдапщэр Музэффэр щригъэкIуэкIар 1207 гъэрауэ жаIэ. КъатиплI-тхууэ зэтет гъэлъэгъуапIэ 20-м нэс къалэм дэту, цIыхухэр махуэ зыбжанэкIэ гуфIэгъуэм хэтт, и кIэухым ерыскъыр берычэту ягуэшу. Езы тепщэр мулид жэщым мафIэ зэщIэгъэнахэр щхьэщыту, уэрамхэм кIуэцIрыкIырт.

Мулидыр ягъэмахуэшхуэныр къыщежьар Мысырырауэ щытми, Каир ар къэрал гуфIэгъуэ щыщыхъуар XIII лIэщIыгъуэрщ. 1588 гъэм мулидыр езым и сэрейм щагъэлъапIэ махуэшхуэу игъэуващ щытащ тырку уэсмэн тепщэ Мурад Ещанэм. ИужькIэ ар зэрыкъэралу хабзэ щыхъуащ.

А зэман кIыхьым къриубыдэу, мулидыр адрей махуэхэм къыхэгъэщыныр псапэу къэзылъытэхэмрэ ар диным щымыщ гуэру жызыIэхэмрэ зодауэ. Адыгэхэр къапщтэмэ, нэщI мазэм ещхьу, дин зезыхьэхэри зезымыхьэхэри зэкъуэзыгъэувэ зэману хэтщ мулидыр ди цIыхубэ гъащIэм. Зэманым и нэщэнэ хъуа зыгъэлъэгъуэн нэрыгъыр къыхэмыхьэмэ, ЛIыкIуэ лъапIэм и цIэр фIыкIэ къипIуэнкIэ зэи пхуегъэлеину къыщIэкIынкъым, сыту жыпIэмэ, щэлэуатым фIыгъуэу къыдэкIуэр пхуэмыбжынщ. ЗыхузэфIэкIхэм Бегъымбар махуэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и гъащIэ гъуэгур, и жыIэгъуэхэр, и дуней тетыкIар ягу къыщагъэкIыж пшыхьхэр ирагъэкIуэкI. НэщIыным, псапэ щIэным, тхьэмыщкIэхэм ядэIэпыкъуным нэхъ тезыгъащIи щыIэщ. Муслъымэну зыкъэзылъытэжым а зэман лъапIэм зэрыщыгуфIыкIымкIэ и диныр къызыдэкIуа цIыху лъагэм пщIэ хуищIу аращ. Мухьэмэд лъапIэр нэхъыфIу зэбгъэцIыхуынымкIэ, абы къихьа щIэныгъэм нэхъ кууэ зыхэбгъэгъуэзэнымкIэ щхьэусыгъуэ пхуэхъумэ, дэтхэнэ гупыж дахэри псапэщ, дахэщ, къабыл хъуну узыщыгугъыпхъэщ.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм

Шэшэн Республикэм и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм щыIащ Кавказ Ищхъэрэм и муслъымэнхэм я зэзыгъэуIу советым и зэхуэс. Ар иригъэкIуэкIащ Шэшэным и унафэщIым и чэнджэщэгъу, республикэм и муфтий, зи гугъу тщIа IуэхущIапIэм и унафэщI Межиев Сэлахь-хьэжы.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу муслъымэнхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри зыгъэбыдэну Iуэхугъуэхэм, зэфIагъэкIыну я мурад псапащIэ проектхэм. ЗэIущIэм советым и зэхэтыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ, щIэуэ унэтIыныгъэ зыбжанэ къыхагъэхьащ. ФэтуэхэмкIэ совет, Эксперт совет, ТыгъэхэмкIэ комиссэ, Кавказ Ищхъэрэм ислъам щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и совет, ЗэфIэнахэр зэзыгъэкIуж совет хуэдэхэм къапэщылъ къалэнхэм тепсэлъыхьащ.

КИФЩI-м хиубыдэ республикэхэм ящыщу, а советхэм хэтхэм я лэжьыгъэр яубзыхуащ. Межиев Сэлахь-хьэжы къыхигъэщащ хабзэкIэ къекIуэкI ислъам диным и лъапIэныгъэхэр хъума хъун папщIэ, псоми я лэжьыгъэр зэрагъэуIун зэрыхуейр. «Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыналъэм и щIалэгъуалэр гъуэгу захуэм темыгъуэщыкIын папщIэ», - жиIащ Межиевым.

* * *

КъБР-м и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и нэIэ щIэту лажьэ «Гъэмахуэ курс-2025» дерсхэм щеджэхэр, Мэжджыт нэхъыщхьэм щылажьэ егъэджакIуэхэр я гъусэу, КъБР-м и Лъэпкъ музейм щыIащ. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ пасэрей мэкъумэш Iэмэпсымэхэр, тхыдэ фэеплъхэр, хъыбар гъэщIэгъуэнхэм ирагъэдэIуащ. НыбжьыщIэхэм я нэгу щIэкIар гукъинэж ящыхъуащ.

* * *

«Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым шыщхьэуIум и 9-16-хэм щызэхэтащ «ЕхъулIэныгъэм хуэунэтIащ» щIалэгъуалэ зэхуэс. Программэм хеубыдэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым епха Къэрал сабий советым хэту зи ныбжьыр илъэс 14 - 17 ирикъуахэр. А дауэдапщэм и зы Iыхьэт «Псэкупсэ» зыфIаща зэхуэсу дин лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIар. Абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ, Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и егъэджакIуэ нэхъыжь Сыжажэ Алим. Дин лэжьакIуэм «Псэкупсэ гъэсэныгъэмрэ цIыхухэр зэдэIэпыкъужу псэунымрэ диным щиубыд мыхьэнэм» псалъащхьэм щIэт и къэпсэлъэныгъэр утыку кърихьэри, къызэхуэсахэм я упщIэхэми жэуап иритащ.

* * *

Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетым очнэуи заочнэуи щеджэну, «дин IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ», «теологие» IэщIагъэхэм я дипломыр зыIэрызыгъэхьэну хуейхэм папщIэ къэпщытэныгъэхэр екIуэкIащ. Экзаменхэм хеубыдэ жэуап хьэзырхэм пэжыр къыхэхын щыхуей «тестхэр», щIэныгъэр къызэрапщытэ тхыгъэ, егъэджакIуэм епсэлъэныгъэ. КъинэмыщIауэ, университетым щIэтIысхьэхэр я къурIэн къеджэкIэмрэ ислъам диным и тегъэщIапIэхэм зэрыхащIыкIымкIэ ягъэунэху. Комиссэм хэтащ еджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэхэу КIэрэф Жамболэт, НэщIэпыджэ Мухьэмэд, ПщыхьэщIэ Iусамэ сымэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэну хэта цIыху 60-м ящыщу пхыкIахэр шыщхьэуIум и 15-м къагъэнэIуащ.

ФокIадэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	ПщэдджыжЬыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	04.00	05.30	12.16	15.54	18.43	20.28
2, гъубж	04.01	05.31	12.15	15.53	18.41	20.26
3, бэрэжьей	04.02	05.32	12.15	15.52	18.40	20.24
4, махуэку	04.03	05.33	12.15	15.51	18.38	20.22
5, мэрем	04.04	05.34	12.15	15.51	18.36	20.20
6, щэбэт	04.05	05.35	12.14	15.49	18.34	20.18
7, тхьэмахуэ	04.06	05.36	12.14	15.47	18.32	20.16
8, блыщхьэ	04.07	05.37	12.13	15.46	18.31	20.14
9, гъубж	04.09	05.39	12.13	15.45	18.29	20.12
10, бэрэжьей	04.10	05.40	12.13	15.44	18.27	20.10
11, махуэку	04.11	05.41	12.12	15.43	18.25	20.08
12, мэрем	04.12	05.42	12.12	15.42	18.23	20.06
13, щэбэт	04.13	05.43	12.11	15.40	18.22	20.04
14, тхьэмахуэ	04.14	05.44	12.11	15.39	18.20	20.02
15, блыщхьэ	04.15	05.45	12.11	15.38	18.18	20.00
16, гъубж	04.16	05.46	12.10	15.37	18.16	19.58
17, бэрэжьей	04.17	05.47	12.10	15.35	18.14	19.56
18, махуэку	04.19	05.49	12.10	15.34	18.12	19.54
19, мэрем	04.20	05.50	12.09	15.33	18.11	19.52
20, щэбэт	04.21	05.51	12.09	15.31	18.09	19.50
21, тхьэмахуэ	04.22	05.52	12.09	15.30	18.07	19.48
22, блыщхьэ	04.23	05.53	12.08	15.29	18.05	19.46
23, гъубж	04.24	05.54	12.08	15.28	18.03	19.44
24, бэрэжьей	04.25	05.55	12.08	15.27	18.01	19.42
25, махуэку	04.27	05.57	12.07	15.25	18.00	19.40
26, мэрем	04.28	05.58	12.07	15.24	17.58	19.38
27, щэбэт	04.29	05.59	12.07	15.23	17.56	19.36
28, тхьэмахуэ	04.30	06.00	12.06	15.21	17.54	19.34
29, блыщхьэ	04.31	06.01	12.06	15.20	17.52	19.32
30, гъубж	04.32	06.02	12.06	15.19	17.51	19.31

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

● Адэжь лъахэ

Зи тхыди, зи щIыуэпси удэзыхьэх Лэскэн

БлэкIам ириплъэжхэм гу лъамытэнкIэ Iэмал зимыIэщ адыгэхэр мы лъэхъэнэм зытес щIыгум нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэжым тепсэукIыу зэрыщытами, абы щыщу, зэман кIэщI дыдэм къриубыдэу, ди гъунэгъу лъэпкъхэм лъагъэсар зыхуэдизми.

ТХЫДЭ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэхэр хуиту щызекIуэрт ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ-Аланием и иджырей губгъуэ-сэтейхэми абы ищхьэжкIэ щыIэ къущхьэ жьанэхэм я къыдэкIыпIэхэми. Дэфтэрхэр щIэгъэкъуэн зыхуищIу, блэкIам набдзэгубдзаплъэу ириплъэж дэтхэнэми и нэгу къыхущIэгъэувэнущ ди лъэпкъым и къуажэ бжыгъэу а Iэхэлъахэм исар зыхуэдизри...

Псалъэм папщIэ, Кавказ зауэжьым ипэ къихуэу, Тэрч псым и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыналъэм, иджырей осетин жылэхэу Дарг-Кохрэ (Дэркъуэхъурэ) Брутрэ я ищхъэрэкIэ лIакъуэлIэш Анзорхэ я къуажибгъу итыгъащ (иужькIэ «Осетин тафэ» зыфIащыжам исахэм я гугъу дымыщIми).

АрщхьэкIэ, Къэбэрдейм и гъунапкъэм урысхэм гъунэгъу зыкъыщыхуащIым, Анзорхэ я IэмыщIэ илъа къуажэхэр къызэщIакъуэри, а зэманым нэхъ зылъэIэсыгъуейуэ къекIуэкIа Лэскэн и къуэладжэм псыгъуэ-кIыхьу дагъэтIысхьат. ИтIани, 1825 гъэм, Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэр щыфIэкIуэдыпэм, Анзорхэ, къанэ щIагъуэ щымыIэу, я блыгущIэтхэр зыщIагъури, Урысейр а лъэхъэнэм иджыри зи тепщэ мыхъуа Шэшэнымрэ ДагъыстэнымкIэ яунэтIащ, я щхьэхуитыныгъэр абдежым щахъумэжыфын я гугъэу.

Мыдрейуэ. Анзорхэ я жылэхэм щыщу Къэбэрдейм къинахэм нэхъри зыкъызэщIакъуэри, езыхэм я унэкъуэщ Къесын (иджырей Анзорей), Аслъэмырзэ (Лэскэн ЕтIуанэ), Хьэту (Хьэтуей) пщыхэм къызэрагъэпэщауэ щыта къуажэхэм зыдагъэзэгъащ.

Анзорхэ абы иужькIи зэхэзехуэн ящIащ. Урыс-Кавказ зауэжьым и кIэуххэм уэру къызэребла ИстамбылакIуэм и жьы щIыIэр зыщIихуахэм ящыщщ абыхэм я жылэхэу Къэбэрдейм къинауэ щыта тIэкIури. Хамэ къэрал икIыжа Анзорхэ я щIэблэм тIысыпIэ яхуэхъуа къуажэхэм ноби Тыркум ущрохьэлIэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Афшын къалэм пэгъунэгъу Анзорей адыгэ жылэжьри.

ЩIыуэпсым сыдехьэх

Лэскэн псыр къуэм къыщыдэунэхукIым деж сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыс къуажэм Октябрь Революцэ Иным ипэ къихуэу «Анзор Аслъэмырзэ и жылагъуэ» - кIэ еджэу щытащ.

Къэдгъэлъэгъуэнщи, дэ, зэкъуэшхэу Амиррэ сэрэ, дыкъыщыхъуа а жылэмрэ ди анэш Бэраухэ зыдэс Хьэтуеймрэ зэрызэпэжыжьэ щыIэкъым, къуажитIыр зыбгъэдэс къуршыпсхэр тафэм къыщытеуфэразэм я зэхуаку дэлъыр къэтпщмэ, километри 10 иримыкъущ. Апхуэдизу а тIур зэрызэпэгъунэгъур дыкъэзыухъуреихь дунейм и зэхэлъыкIэм сыдихьэхын щыщIэздзам сэбэп къысхуэхъужауэ щытащ. А къуажитIым я Iэгъуэблагъэр лъэсрэ гукъинэжу зэщIэзгъэхьэ зэрыхъунуми сыхуэпабгъэрт. Арагъэнущ иужькIэ езгъэкIуэкIыу къэзубла «къэхутэныгъэ» цIыкIухэм щIэдзапIэ яхуэхъуари.

СызэрыцIыкIурэ мэзри фIыуэ солъагъу, къуакIэ-бгыкIэхэми ныджэ-псыхъуэхэми сыдахьэх. Къуршыжьхэм сащыхуеплъэкIкIэ, «сынэсу, я джабэщIхэм къыщызущыхьарэт!» жысIэрт. Абы къинэмыщIауэ, «мы мэзым уфIэкIмэ, адэкIэ сыт къыщыппэплъэр?» «мо къуэм удэкIмэ, сыт узыхуэзэнур?» упщIэхэмкIэ нэхъ балигъыIуэхэми захуэзгъазэрт. Школым сыщыщIэса япэ классхэм къыщегъэжьауэ, географ картэхэми сыдахьэхыу, ярытми тыншу сригъуазэу сыкъекIуэкIащ.

Сыщынэхъ щIалэхэм къыщыщIэдзауэ лъакъуэрыгъажэри, пэсщI щымыIэм хуэдэу, фIыуэ слъагъурт. Арат си зекIуэхэм нэхъ сытезыгъэгушхуэри.

ЩIыналъэм и зэхэлъыкIэм сызэрыдихьэхым гу лъитагъэнкIи хъунт, сщIэркъым, ауэ сызыщIэупщIэхэм гугъэпсэхуу пэгъуэкI къезытыжыфу щытари, а лъэхъэнэм уэршэрэгъу дахэу сиIари ди адэм и анэ Марусэщ. Арат абы зэреджэр. Езым и дыщыр Къуэжьыкъуей Ипщэ (иджырей Жэмтхьэлэ къуажэ) дэс Сокъурхэт.

Урыху и тIуащIэм сыхуопIащIэ

Зыщысплъыхьын, си нэгу зыщезгъэужьын фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зезмыхуэу, Лэскэн и адрыщIкIэ къызэрыщыскIухьауэ щытам тепсэлъыхьыныр абдежым къыщызгъэувыIэнщи, Урыху псышхуэр жьанэ Iузэвым къыщыдэкъуэлъыкIхэм деж лъакъуэрыгъажэкIэ сызэрыIушэсауэ щытам и хъыбарыр есшэжьэнщ.

Сытезыгъэгушхуар уэ къащIэ, ауэ сэ схузэфIэкIащ а «гъущIышымкIэ» Налшык сыдэкIыу, япэ махуэм Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сынэсын, ар зыдэс тIуащIэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым сыхуеужьэрэкIыу, километр 20 хуэдизкIэ «зыдэздзеин», абдежми сыкъыщымыувыIэу, гъуэгур здебгъунлъэкI ОсетиемкIэ есIуэнтIэкIын, Къэбэрдей-Балъкъэрым абдежхэм нэхъ къыщыпэгъунэгъу Ираф куейм и къуажащхьэ Шэгуолэ (Чикола) сыдыхьэн, аргуэрыжьу ипщэ лъэныкъуэ зысщIу, километр 22-рэ хуэдизкIэ сыдэжеин, абдеж дыдэм ущызыIущIэ жьанэм Урыху псышхуэр къыщыдэкъуэлъыкIхэм деж сыIушэсэн.

Абыхэм ящыщу мызыгъуэгукIэ зи гугъу сщIыну сызыхуейр, Анзор Аслъэмырзэ и жылэр (Лэскэн ЕтIуанэр) зыдэс къуэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ лъакъуэрыгъажэкIэ сыдэжейуэ, Ерокъуи Хъуикъуажи (осетин фIэкIа щымыпсэу Лэскэн Езанэ къуажэм нэхъапэхэм арат зэреджэр) саблэкIыу, псыхъуэм къыщхьэщыт шытх мащIэм сызэрыкIэрыхьауэ щытарщ.

А лъэхъэнэм къэкIухьыныгу сыхъуати, си зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ирезгъэхьэлIэри, лъакъуэрыгъажэр къэзгъэIэгъуащ. Абы сытетIысхьэщ, къалэм сыдэкIри, Ростов-Баку федеральнэ гъуэгу нэхъыщхьэм сытехьащ. Сыхьэт зыщыплIым къриубыдэу Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сынэсащ.

Лъакъуэрыгъажэ сытесрэ щIыуэпсырыхьэу а махуэм скIуа гъуэгуанэм арэзы сытехъуэ хъуну къыщIэкIынти, сыщалъхуа къуажэм сызэрыдыхьэу, си лъэр абдежым «щысIэхъэщ», си благъэхэми а пщыхьэщхьэм сабгъэдэсащ. Абы щыгъуэ ди анэшхуэу фIыщэу дыкъэзылъагъумрэ абы къыбгъэдэс ди адэ къуэш ЩэлыуатIрэ иджыри псэут.

Дызэдэуэршэру, ерыскъы IэфIыми дыпыдзакъыкIыудыздэщысым, сыфIэлIыкIыпэурэ анэшхуэм есIуэкIащ Налшык сыкъызэрикIа «гъущIышым» нэхущхэм деж сышэсыжу, къуажэр зыIус псыр къыщежьэ лъэныкъуэмкIэ дэзгъэзеину сызэримурадыр.

Жылэр къызэщIэушэн ипэ

Пщэдджыжьым зизмылъэфыхьу сыкъыдэкIащ. СакъызэрыхэкIыр фIэмыфIыщэми, си анэшхуэм сыт ищIэнт: унагъуэм ис адрейхэм япэ сригъэщу сигъэшхащ, сыкъыщежьэми гъуэмылэ гуэрхэр къысIэщIилъхьащ.

МахуэщIэм къыдэунэхуа гъуэгуанэм и щIэдзэкIэ хъуари гъэщIэгъуэнщ: нэ лей зытезмыгъаплъэмэ нэхъ къасщтэу, «гъущIышыр» си Iэдэжрэ къызыфIэзмыгъэIуэху щIыкIэу, уэрам бгъунж цIыкIумкIэ хуэм-хуэмурэ Лэскэн ныджэм сыдыхьащ.

«Къуажэр къызэщIэмыушэ щIыкIэ» жысIэри, зэман кIэщIым къриубыдэу, нэхъ жыжьэ сызэрыIукIыным сыхущIэкъуащ. Сызэрыжейбащхъуэр абы къыхыхьэжри, япэу сызыблэкIа къуажэхэмрэ абыхэм я Iэгъуэблагъэмрэ щIагъуэу зыщысплъыхьакъым. АтIэми, ахэр, аддэ нэхъ пасэу, Лэскэн ЕтIуанэм дэт курыт еджапIэм иджыри сыщIэсу, зэзгъэлъэгъуауэ щытат.

Ди жылэм и гъунэгъу Ерокъуэрэ абы ищхьэжкIэ щыIэ Лэскэн Езанэ осетин къуажэмрэ, лъакъуэрыгъажэ ес цIыкIум сытесыххэти, нэхъ псынщIэу сазэрыпхыкIыным яужь ситащ. АтIэми, нэхъ гукъинэж сщыхъуахэм щыщIадзар гъуэгу нэхъыщхьэр, Лэскэн псыхъуэм зыкъыдигъэзыкIыу, адыгэхэм «Шуужь и плъапIэ» («Ищхьэ плъапIэ») зыфIаща, осетинхэм «Касани сар» («ЗыплъыхьыпIэ») жыхуаIэ шытх цIыкIум и бгъуэщIым кIэрыхьа иужькIэщ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Джулат и щэхухэр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Нижний Джулат. Взгляд сквозь призму времени» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Тхыдэ фэеплъхэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ и зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м и Лъэпкъ музеймрэ.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ къызэщIеубыдэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ къызэпызыча тхыдэ хьэпшып 50-м щIигъу. Ахэр къыщагъуэтащ Май къалэм къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ километритIкIэ пэгъунэгъу, Тэрч псыежэхым и Iуфэм Iуса Джулат Ищхъэрэ къалэм. Абы къыщыхьахэм я нэхъ пасэрей лэжьыгъэр XIII лIэщIыгъуэм ящIащ. ЯтIэ гъэжьам къыхэщIыкIа кхъуэщынхэр, гъавэ зэрызэрахьэ кумбыгъэхэр, сату зэпыщIэныгъэхэмрэ экономикэр зыхуэдамрэ щыхьэт техъуэ ахъшэ жыгъейхэр, былым къупщхьэхэр, мывэхэр, пасэрей сэман псэупIэхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр, щIым зэрелэжьу щыта, мывэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэр щыхьэт тохъуэ а зэманым псэуахэм я IэпщIэлъапщIагъэмрэ захъумэжын щхьэкIэ Iэщэу яIахэмрэ. Кавказ Ищхъэрэм щэнхабзэ къулей къыдекIуэкIырт а хьэпшыпхэр щызэрахьа зэманым. Илъэс 600-м щIигъу зи ныбжь яхэтщ абыхэм, метр зэбгъузэнатIэ 400-м щIигъум ита пасэрей мэжджыт лъэлъэжаи къыщIагъэщыжащ.

Джулат Ищхъэрэр ихуащ Урысейм, дуней псом я археологие щIэнгъуазэхэм. Джулат щIыпIэм и зыужьыныгъэр пыщIащ «Iуэ дыщэ» (Золотая орда) зэманым. Абы теухуа тхыгъэхэм уащрохьэлIэ курыт лIэщIыгъуэхэм къащIэна Iэрытххэми. Иджырей къэхутакIуэхэм яIэщ Джулат щIыналъэм и тхыдэм теухуа лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ а къалэм къэхутэныгъэхэр зэман зэхуэмыдэхэм щезыгъэкIуэкIа археологхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ ящIа сурэтхэр.

Бзылъхугъэхэм къагъэсэбэпу щыта цIуугъэнэхэм, домбеякъым къыхэщIыкIа IэпщэхъухэмI, тхьэгъухэм, Iэлъынхэм къагъэлъагъуэ IэпщIэлъапщIагъэм я зэфIэкIыр зыхуэдар. ЦIыхубзхэм гъащIэм щаIыгъ увыпIэм я щыхьэтт зэрахьэу щыта хьэпшыпхэр.

Выставкэм хагъэхьащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и гъэтIылъыгъэхэм щыщ пасэрей хьэкъущыкъухэмрэ хьэпшыпхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сабий нейрохирург Iэзэ

«Нейрохирургием нэгъуэщIым и гъащIэм ухуэсакъыу уегъасэ. КъыбгуроIуэ асыхьэтым ар уэ куэдкIэ уэлъытауэ зэрыщытыр. Щыуагъэ зэрыпIэщIэмыкIынум зыкIи шэч къытумыхьэу операцэм укIуэн хуейщ», - жеIэ Москва къалэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и департаментым и штатым хэмыт сабий нейрохирург нэхъыщхьэ, ПIалъэ къызыхэкI мыхъуну сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI, Сабий нейрохирургхэм я Евразие зэгухьэныгъэм и президент, «Нейрохирургия и неврология детского возраста» журналым и редколлегием хэт, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Семэн Жаннэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ Iуэхукlэ Семэным ирихьэлIа дэтхэнэ зыми къыбжиIэфынущ ар зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутыр Iэзэу зэрыщытыр. ЦIыху гъащIэмкIэ жэуаплыныгъэ нэс зыхь Жаннэ сытым дежи и щIэныгъэм, Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэным хущIокъу.

- Дохутыр сыхъуным щIэхъуэпсыр си адэ-анэрт, ауэ иужьым сэри абы сыдихьэхащ, - жеIэ Семэным, IэщIагъэр къызэрыхихам и гугъу щищIкIэ. - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым и етIуанэ курсым дыщIэсу лэжьыгъэ и пIалъэ къэтщIэн папщIэ Республикэ клиникэ сымаджэщым дагъэкIуащ. Мис абы щыгъуэ сэ хьэкъыу спхыкIат дохутыру сыщытыну сызэрыхуейр. ИкIи мурад быдэ сщIащ нейрохирург сыхъуну. ЩIэныгъэми лэжьыгъэми щысча япэ лъэбакъуэхэм сытезыгъэгушхуар профессор Былымгъуэт Борисщ. Ещанэ курсыр къэзуха иужь, Республикэ клиникэ сымаджэщым нейрохирургиемкIэ и къудамэм медсестрауэ лэжьэн щыщIэздзащ. Мис абы щыгъуэм къэсщIащ къыхэсха IэщIагъэм и щэху куэд.

Университет нэужьым Жаннэ и щIэныгъэм щыхигъэгъэхъуащ Москва щыIэ, Бурденкэ Николай и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Зэхихымрэ илъагъу псомрэ зыфIэгъэщIэгъуэн хъыджэбзыр и IэщIагъэм теухуауэ нэхъыбэ къызэрищIэным хущIэкъуу щыIащ а институтым. Абы къыщIиха щIэныгъэр лъабжьэ быдэ зэрыхуэхъуар куэдрэ жеIэ икIи институтым щигъэкIуа илъэсхэр гуапэу игу къегъэкIыж.

- Бурденкэ и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым сыкъызэращтар си дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэт, - къыпещэ Жаннэ. - Урысей медицинэм и IэщIагъэлI пажэхэм сахэхуат. Куэд къыщысщIащ сэ абыхэм я деж. Си кандидат, доктор диссертацэхэр щыстхым щIэныгъэ унафэщIу сиIащ а институтым и директор, дуней псом щыцIэрыIуэ нейрохирург Коновалов Александр. Абы операцэ щищIкIэ укIэлъыплъыныр гухэхъуэт, апхуэдизкIэ удихьэхырт и IэбэкIэми. Коноваловым ищI операцэ хьэлъэхэм хуэдэ зыхузэфIэкI куэд къэралым искъым. Профессорым дэслъэгъуа Iэзагъэр, зэфIэкIыр гъуазэ схуэхъуащ.

Зыпэрыт Iуэхури зыхэт гупри сыт хуэдизу игу ирихьми, ПIалъэ къызыхэкI мыхъуну сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щрагъэблагъэм, Семэным и IэнатIэр ихъуэжащ. Жаннэ а институт цIэрыIуэм зэрырагъэблэгъар и Iэзагъэр къызэралъытэм и нэщэнэщ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ар а IуэхущIапIэм нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIу мэлажьэ.

- Дохутыр цIэрыIуэ Рошаль Леонид сыдэлэжьэну Iэмал зэрызгъуэтамкIэ Тхьэм фIыщIэ хузощI, - къыхегъэщ Жаннэ. - Iэзагъышхуэ зыхэлъ дохутыру зэрыщытым къищынэмыщIауэ, ар икъукIэ цIыху пэжщ, гуапэщ икIи шынэ зымыщIэщ. Ди институтыр сабийхэм дэIэпыкъуэгъу псынщIэ щагъуэт IуэхущIапIэщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр зи щхьэ куцIым сэкъат игъуэта цIыкIухэм псынщIэу ди Iэзэгъуэр ялъыдгъэсынырщ. Дакъикъэ къэс дыхуэхьэзыру щытын хуейщ зыгуэрым и гъащIэ къызэредгъэлыным.

Илъэс 30-м щIигъуауэ пэрытщ Жаннэ къыхиха IэщIагъэм, сабийм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным и гуащIэрэ и къарурэ хилъхьэу. Ар сытым дежи хущIокъу зыпэрыт Iуэхум щIэуэ къыхыхьэ псори псынщIэу къызэрищIэным, апхуэдэуи езым и щIэныгъэмкIэ, лэжьыгъэ и пIалъэкIэ дохутыр IэщIагъэр къыхэзыхахэм ядэгуашэу щытщ. Ар и къызэгъэпэщакIуэщ илъэс къэс екIуэкI «Восстановление поврежденного мозга у детей» дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым, къищынэмыщIауэ, сабий нейрохирургиемкIэ IэщIагъэлIхэм я Iэзагъэм щыхагъахъуэ зэхыхьэхэр щIэхщIэхыурэ ирегъэкIуэкI. Семэным и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щIигъу, абыхэм ящыщу 50-м нэблагъэр дунейпсо медицинэ журнал цIэрыIуэхэм къытрадзащ.

Къищынэмыщауэ, Жаннэ и унафэщIщ «Дохутырхэм я Хасэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм. Хасэм хэтщ дохутыр 250-рэ, ахэр щолажьэ Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм, апхуэдэу, яхэтщ хамэ къэралхэм щыIэ IэщIагъэлIхэри. Абыхэм яхэтщ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэр, докторхэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэр. Хасэр зэрылажьэрэ мы гъэм илъэсищ ирокъури, а зэманым къриубыдэу абы хэт дохутырхэр цIыху куэдым сэбэп яхуэхъуащ чэнджэщкIи Iуэху пыухыкIакIи.

Семэным и псэемыблэж лэжьыгъэм къыпэкIуащ дамыгъэ лъапIэхэри. УФ-м и нейрохиругхэм я зэгухьэныгъэм абы къыхуигъэфэщащ профессор Лебедев В. В. и цIэр зезыхьэ, «ПIалъэ къызыхэкI мыхъуну нейрохирургием щиIэ зэфIэкIхэм папщIэ» медалыр, «ПщIэмрэ щIыхьымрэ папщIэ» дунейпсо Дыщэ Арт орденыр, УФ-м следствиемкIэ и комитетым къыбгъэдэкIыу «Сэбэп зэрыхъум папщIэ» медалыр, Урысейм и дохутыр нэхъыфIхэм я лъэпкъ саугъэтым и «Къызыхуигъэщlа Iэщlагъэр» дипломыр.

Семэн Жаннэ щIэх-щIэхыурэ къокIуэж щалъхуа щIыналъэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, нэсу зыщигъэпсэхур Налшыкщ. «Дэнэ дыщыIами, псэр здэщыIэрщ унэр, - жеIэ Жаннэ. - Сэри си псэм и хэщIапIэр сыкъыщалъхуа щIыпIэрщ».

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Гукъинэж ящыхъуащ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и инспекторхэм щытыкIэ гугъум къихута ныбжьыщIэхэм дэрэжэгъуэ къезыт Iуэху гуапэ къыхузэрагъэпэщащ. Полицэм и лэжьакIуэхэм сабий 30-м щIигъум, я адэ-анэхэри я гъусэу зыщрагъэплъыхьащ Налшык къалэ зоопаркым.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭР яфIэгъэщIэгъуэну якIэлъыплъащ щыхьхэм, номинхэм, махъшэхэм, нэгъуэщIхэми. Абыхэм псэущхьэхэм ятеухуа куэд къащIащ, нэхъыщхьэращи, езыхэм зэрыжаIамкIэ, я нэгу зиужьащ.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и унафэщIхэм зоопаркым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ гуапэу зэрырагъэблэгъам, хьэщIэ цIыкIухэм гулъытэ къызэрыхуащIам папщIэ.

БАХЪСЭН Азэмт.

● Бокс

Къущхьэ Iэмин нэхъыфIхэм яхохьэ

Екатеринбург къалэм къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. УФ-м боксымкIэ и 34-нэ чемпионату абы щекIуэкIам ещанэ увыпIэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн Къущхьэ Iэмин. Килограмм 75-рэ зи хьэлъагъхэм я деж финалым и Iыхьэ ныкъуэм ди щIалэм къыщыпэщIэтащ Шэшэным и спортсмен Муцольгов Исмэхьил, иужькIэ чемпион хъуар.

ДИ ГУАПЭУ къыхэдгъэщынщи, домбеякъ медаль къызэрихьам нэмыщI, Къущхьэ Iэмин УФ-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ икIи мы гъэм и дыгъэгъазэм Дубай къалэм щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хэтынущ. ЩIалэр зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырар КIэрэф Залымщ.

Иджырей чемпионатым хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 66-м я спортсмен 350-м щIигъу. Ар и фэеплъу щытащ Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий икIи траухуат Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ.

Абы нэмыщI, Урысей боксыр илъэси 130-рэ мы гъэм зэрырикъум къыхэкIыу, БоксымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (IBA) и президент Кремлев Умар чемпионатым щигъэуващ ахъшэ саугъэту псори зэхэту сом мелуани 130-рэ. Япэ увыпIэр къэзыхьам сом мелуанищ, етIуанэм - мелуанитI, ещанэм - зы мелуан, еплIанэ, етхуанэ хъуахэм - сом мелуан ныкъуэ иратащ.

Гъэщlэгъуэнращи, чемпионатым ахъшэ саугъэту щагъэджэгуну япэщIыкIэ ягъэувар псори зэхэту сом мелуан 35,1-рэт: япэ увыпIэм щхьэкIэ сом мелуанитI, етIуанэм - сом мин 350-рэ, ещанэм - сом мини 175-рэ хуэзэу. Ауэ Кремлев Умар псори зэрихъуэкIыжащ, спортсменхэм защIэгъэкъуэныр, ахэр гъэгушхуэныр, боксым и пщIэр къэIэтыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу къилъытэу.

«Урысей боксыр илъэси 130-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ УФ-м и чемпионатым хэт спортсменхэм я дэрэжэгъуэгукъыдэжыр къэтIэтыну дыхуейщ. Абы къыхэкIыуи, ахъшэ саугъэтыр псори зэхэту сом мелуани 130-м нэдгъэсащ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыфIу къалъыта цIыху 13-м сом мелуан зырыз еттынущ. Ди спортсменхэм щхьэкIи тлъэкI къэдгъанэркъым.

Адэ-анэхэм я сабийхэр боксым иратыну икIи ящIэну сыхуейщ: боксыр - ар спортым и закъуэкъым, атIэ икIи лэжьыгъэщ - уи унагъуэр зэрыбгъэпсэун Iэмалхэр къуиту», - жиIащ Кремлевым.

Абы нэмыщI, чемпионатым и боксер нэхъыфIу къалъыта Рогозин Вячеславрэ (кг 54-рэ) боксерхэм къадэщIахэм ящыщу нэхъыфIу къалъытамрэ машинэ псынщIэ зырыз иратащ, «Рольф» компанием къыбгъэдэкIыу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ГъэщIэгъуэнщ

Мыл ящэрейт

Урым империем и император Нерон фIэфIу щытащ шагъырым мыл хэдзауэ ефэну. А Iуэхум и блыгущIэтхэр гугъу иригъэхьырт. Гуп защIырти, мылылъэ бгыщхьэхэм кIуэрт. Мылыр къакъутэрт, ар IэщыфIэм кIуэцIашыхьырти, мыткIуу кърахьэхырт. Мыл къыгуэудахэм хъумапIэ хэха яIэт, щIэх мыткIун хуэдэу.

ЩЫIАЛЪЭ мыхьэнэ зиIэ япэ хьэпшыпхэр Ираным къыщежьащ ди эрэм ипэкIэ илъэс 400-кIэ узэIэбэкIыжмэ. Абыхэм «яхчалкIэ» еджэрт, «мылылъэ кумб» жиIэу къикIыу. Метр 18 и лъагагът, мывэм къыхэщIыкIат, джэдыкIэ теплъэ иIэт. ДжэдыкIэ теплъэ зэриIэм и щхьэусыгъуэт апхуэдэм дыгъэр нэхъ къызэрыпекIуэкIыр, и бзийр нэхъ зэрыхэмыхьэр. Мылылъэ бгыхэм къыщыгуауда мылхэр щахъумэм нэмыщI, яхчалхэм езыхэм псыр щагъэщту зрагъэсащ. Яхчал къэс хуэзанщIэу псы кIэнауэ чэнж цIыкIухэр датIыкIырт. Апхуэдэ кIэнауэхэм я блынхэр Iувти, абы и сэбэпкIэ, псы срижэр щIыIэтыIэу къанэрт. Ар жэщым тещтыкIырти, мыл трищIар нэхущым къытрахыурэ яхчалым нагъэсырти, и пIэм ирагъэзагъэрт.

Пасэм, дунейр щыхуабэм, шхынхэр щIыунэхэм, мылылъэ кумбхэм щахъумэрт. Кумбым и лъэгум хьэуазэ траклIутэрт, и щхьэм мыл тралъхьэрти, аргуэру хьэуазэкIэ щIахъумэжырт.

ЛIэщIыгъуэ кIуам ику пщIондэ мыл «къыщIэхыным» елэжь цIыхухэр щыIащ, абы хуагъэсауэ. ЩIымахуэм псыежэхым кIуэрт, мыл щтар кIуэцIраудырти, пхъэх цIыкIукIэ мылыр плIимэу къыпахырт. Мылхэр зыхуейхэм Iэрагъэхьэрт. Уеблэмэ мыл щэныр IэщIагъэ щхьэхуэу щытащ. Мыл зыщэм нэхущым цIыхухэм я бжэIупэхэм щигъэтIылъырт ар. Мыдрейм ар мыткIу щIыкIэ къищтэжын хуейт.

ЩIыIалъэ папщIэу къэбгъэсэбэп хъу хьэпшып XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къигупсысащ, и патенти къыдихыжащ американ хьэрычэтыщIэ Мур Томас. Абы тхъуцIынэ ищэрт. Фермэм къикIыу тыкуэным нэсыху тхъуцIынэр щыфIэтIатIэ къэхъурти, хэкIыпIэ къигупсысащ: жыр пIащIэм коробкэ къыхищIыкIащ, абы тхъуцIынэр ирилъхьэри, тхьэкIумэкIыхыфэм кIуэцIилъхьэжащ. Ар мыл зэрылъ ашыкым ирилъхьэжри, «рефрижератор» фIищыжащ. Ашыкыр, фэр, мылыр апхуэдэ IэмалкIэ къагъэсэбэпу щытауи ящыгъупщэжащ, езы псалъэр гъащIэм къыхэнэри.

Франджым щыщ щIэныгъэлI Карре Фердинанд япэ щIыIалъэр 1862 гъэм дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрихьащ.

«Мыл империе» зыщIам зэреджэр Тюдор Фредерикщ. Ар Бостон 1783 гъэм къыщалъхуащ. Зэгуэр унагъуэр зыгъэпсэхуакIуэ кIуауэ, Iэнэ къэузэдам пэрысхэт. Нэхъыжьхэр мыл зыхэлъ виски ефэхэрт, хьэрычэт Iуэхум тепсэлъыхьурэ. Абдежым Фредерик гушыIэ хэлъу жиIащ ахъшэ къэблэжьынумэ, виским хэбдзэ мылым хуэдэ Карибхэм щыпщэным нэхъ IэмалыфI умыгъуэтыну. ЩIалэм жиIар къафIэIуэхуакъым, ауэ езыр-езыру и фIэщу егупсысыжащ. ИкIи а Iуэхур иригъэжьащ. Мыл хьэрычэтым хыхьэри, илъэс 30 щыдэкIам, абы дунейм щызэбгриша мылым и бжыгъэр къызэщIэпкъуэжмэ, тонни 180-рэ хуэдизынут. Зэрехъуэпсам хуэдэу ар «мылхэм я пащтыхьт». Ауэ а илъэс 30-р къызэринэкIын щхьэкIэ, абы гугъуехь куэд ишэчащ. ЯпэщIыкIэ Фредерик и къуэш Уильям къигъэдэIуащ зэгъусэу мыл хьэрычэтым хыхьэну. Абыхэм яубзыхуащ Мартиникэ хытIыгум мыл зэрашэн Iэмал. ПщIэкIэ кхъухь къащтэну иужь ихьащ, ауэ Бостон кхъухь тедзапIэм зы кхъухьи къыщагъуэтакъым мыл къутахуэ кърищэкIыну арэзыуэ. Арати, зэкъуэшитIым езыхэм кхъухь ящIащ. Абы фIащащ «Фаворит».

1806 гъэм мазаем и 10-м ахэр псым техьащ. Мылыр Мартиникэ нашэсащ. Ауэ щыхъукIэ, ар зыщэхун ягъуэтакъым. Уильям и гур зэщыуэри, Iуэхум къыхэкIыжащ. Фредерик и хъуэпсапIэр IэщIыб ищIын идакъым. ЕтIуанэу абы мыл къутахуэхэр Индием ишэну иужь ихьами, къехъулIакъым. 1809 гъэм щегъэжьауэ 1813 гъэ пщIондэ Тюдор щэнейрэ лъэхъуэщым ихуащ щIыхуэ къытехуэурэ. Абы щыгъуэми и мурадым егупсысырт. Зэгуэрым игу къэкIащ «цIыхухэм мыл ящэхуну хуей хъун папщIэ, ар хэдзауэ псы, шагъыр егъэфауэ, и фIагъыр къегъэщIэн хуейщ», - жиIэри. Фредерик термосышхуэ зэригъэпэщри, Америкэм и къалэхэр къызэхикIухьащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, цIыхухэр мыл щIыхуэмейр и пIалъэмрэ и фIагъымрэ ящIэртэкъыми арат. Фредерик хигъэзыхьурэ мыл зыхэлъ псым иригъэфа нэужь, цIыхухэр абы къыщIэупщIэ хъуащ. 1821 гъэм Тюдор Фредерик и мыл хьэрычэтым нэхъри зиужьащ.

1864 гъэм «мыл пащтыхьыр» дунейм ехыжащ и «империер» къигъанэри. Империер щыкъутэжар электрокъарукIэ лажьэ щIыIалъэхэр къэунэхуа нэужьщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Аргуэру къыхагъащIэ, топи яхудэгъэкIыркъым

● Футбол

«Астрахань» (Астрахань) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Астрахань. Колосовым и цIэр зезыхьэ стадион. ШыщхьэуIум и 23-м. ЦIыху 500 еплъащ.

Судьяхэр Колтунов (Дон Iус Ростов), Борисов, Шестаков (тIури Москва щыщщ).

«Астрахань»: Гришин, Владимиров, Молэмусэ, Злобин, Мусаев, Болонин, Шаталов, Левченков (Масленников, 67), Карпов, Малыш (Золотоper
ренкэ, 58), Пачо (Предеус, 58).

«Спартак-Налшык»: Къуымыкъу, Пириев, Жабоев, Балъкъыз, КIэщт (ЛIуп, 75), КIэдыкIуей, Блий, Пекъу (Дзыгул, 88), Гъуэгузокъуэ, Сарбашев, Лысенкэ (Шэрджэс, 55).

Топыр дигъэкIащ: Шаталовым, 19 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Карповым, Мусаевым, КIэщтым, Гъуэгузокъуэм, Пекъум, Дзыгулым.

КЪЭРАЛЫМ и кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэм ипкъ иткIэ Псыхуабэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м зэIущIэ гугъу щыдригъэкIуэкIауэ «Спартак-Налшыкыр» щэбэт блэкIам Астрахань кIуат, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щызэхэт зэхьэзэхуэм къыщыпищэну. Зы щхьэкIэ нэхъ лъагэ командэм махуищ ипэкIэ хуэфэщэну зэрыпэщIэтам гукъыдэж мащIэ къаритат икIи абы зрагъэужьыну хущIэкъурт. Зэхьэзэхуэм и курыт увыпIэхэм къыщызэтеувыIа, ауэ нэхъыфIихым яхыхьэну Iэмал зиIэ «Астрахань»-р узыпэмылъэщын хьэрхуэрэгъутэкъым. Абы щыгъуэми ди щIалэхэм я нобэрей щытыкIэри тщыгъупщэртэкъым.

ПщыгъупщэнкIэ Iэмал иIэтэкъым тхьэмахуэ ипэкIэ Ингушым къикIа «Ангушт»-м, Налшык къэкIуауэ, 0:4-уэ къызэрыхигъэщIари. Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэм зыкъомрэ ягу зэрилъынум шэч хэлъкъым а удын хьэлъэр. Егъэхыгъуафlэкъым мыгъэрей «Спартак-Налшыкым» и щытыкIэ хьэлъэри. Сыт хуэдиз щIа абы и ехъулIэныгъэ гуэр дызэрыщымыгуфIыкIрэ? Иужьрейуэ ар щытекIуар (псоми хагъащIэ Мэхъэчкъалэ и «Динамо»-р хэмыту) зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгугъуэращ. Щэбэт кIуам тIощIрэ ещанэр зэхэтащ...

Иужьу Астрахань щрагъэкIуэкIами дызэрыщыгугъыщэ щыIэтэкъым. Десэжат я хьэрхуэрэгъухэм топ зэрыхудамыгъэкIыфми, къызэрыхагъащIэми. Апхуэдэуи аргуэру къэхъуащ. ЗэIущIэм и епщыкIубгъуанэ дакъикъэм хэгъэрейхэм я гъуащхьауэ Шаталовым къахудигъэкIа топ закъуэм ди щIалэхэм жэуап иратыжыфакъым.

Зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэр иухыным джэгугъуищ къэнэжауэ аращ. Апхуэдэхэм и деж, зэрыхабзэщи, бэнэныгъэр зэщIоплъэ. Абы и гуащIагъэр кърипщIэну урикъунщ щэбэт кIуам иужьу щыIа зэIущIэхэм япэ увыпIихыр зыIыгъхэм ящыщу (ахэращ адэкIэ кIуэтэнур) зы закъуэ фIэкIа зэрытемыкIуэфар. Ар къыщыхъуар Павловскэ къутырыращ. Абы и «Кубань-Холдинг»-р пашэныгъэр зыIэщIэлъа Хасавюрт и «Победа»-м ефIэкIри, езым бжыпэр зыIэригъэхьащ. Хьэлэмэтращи, адрей командиплIри зэхуэзащ. Абыхэм бжыгъэр къыщызэIуахакъым икIи зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ, нэхъыфIихым иджыри къызэрыхэнамкIэ арэзыуэ. Арщхьэкlэ очко щырыщ зыIэрызыгъэхьа «Сочи-2»-р, «Нартыр», «Астрахань»-р гъунэгъу дыдэ къахуэхъуащ икIи иужь дыдэ зэIущIэ пщIондэ Iуэхур зэхэкIыну фIэщщIыгъуейщ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щэбэтым щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ. Мис ахэр: **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Нарт»** (Черкесск) - **0:4**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **2:0**, **«Рубин»** (Ялтэ) - **«Сочи-2»** (Сочэ) - **0:2**, **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:0**, **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **0:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. ШыщхьэуIум и 30-м абы къригъэблэгъэнущ Ялтэ и «Рубин»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Кубань Холдинг»	**23**	**12**	**9**	**2**	**44-20**	**45**
2. «Севастополь»	**23**	**12**	**8**	**3**	**36-27**	**44**
3. «Победа»	**23**	**14**	**2**	**7**	**30-23**	**44**
4. «Динамо Ставрополь»	**23**	**12**	**7**	**4**	**33-21**	**43**
5. «Ростов-2»	**23**	**11**	**5**	**7**	**28-19**	**38**
6. «Дружба»	**23**	**9**	**7**	**7**	**32-22**	**34**
7. «Сочи-2»	23	9	7	7	32-26	34
8. «Нарт»	23	8	6	8	31-19	33
9. «Астрахань»	23	7	9	6	32-23	33
10. «Легион»	23	7	7	9	24-34	28
11. «Рубин»	22	7	4	11	18-26	25
12. «Ангушт»	23	5	6	12	19-28	21
13. «Спартак-Налшык»	**23**	**3**	**5**	**15**	**16-41**	**14**
14. «Динамо-2»	22	0	2	20	11-57	2

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр №1827
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* ДыщэкI Соня *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.